Я зэфIэкIыр зэрагъэуIу
2-нэ нап.

Сабийм и анэдэлъхубзэр хуэзыгъэIэфI
3-нэ нап.

Псэм йохуэбылIэ щIэиныр
4-нэ нап.



«Идарейм» гухэхъуэгъуэ щыбогъуэт
4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI
АДЫГСКОЕ СЛОВО

№72 (24.978) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 16, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Къэрал дамыгъэхэмкIэ ягъэпажэ

Хабзэ зэрыхъуам тету, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысейм и махуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща зэхыхьэм республикэм, къэралым я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм къэрал дамыгъэхэр яритыжащ. Ар зыхуагъэфэщахэм яхэтщ медицинэм, мэкъумэш хозяйствэм, гъуэгу ухуэныгъэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, спортсменхэр.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIахэм защыхуигъазэм КIуэкIуэ Казбек жиIащ:

- Къэралым и тхыдэшхуэм, абы лъэпкъ куэду зэхэт и лъэпкъым я ехъулIэныгъэшхуэхэм иригушхуэ, хэкупсагъэмрэ Хэкум къалэн хуэщIэнымрэ зыгъэлъапIэ псом я дежкIэ а махуэшхуэм и мыхьэнэр иншщ. Нэхъыжьхэм къытхуагъэна хабзэ дахэхэм дахуэпэжу, Хэкум худиIэ лъагъуныгъэм, абы и къэкIуэнумкIэ жэуаплыныгъэ зэрытхьым IуэхущIэхэм, текIуэныгъэхэм дытрегъэгушхуэ, псори зэгъусэу гъэунэхуныгъэхэм дыпхыкIынымкIэ, Урысейр ефIэкIуэнымрэ и зэIузэпэщыгъэмрэ папщIэ зыхуэдгъэувыжа мурадхэр зэдгъэхъулIэнымкIэ щIэгъэкъуэн къытхуохъу. Къэралым и зэфIэкIым хэгъэхъуэным Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми хэлъхьэныгъэфIхэр хуащI. ДызыIуэ гугъуехьхэм емылъытауэ, дэ тхузэфIокI лэжьыгъэм хэдгъэхъуэну, экономикэм зэпIэзэрыту зедгъэужьыну, социальнэ къалэнхэр дгъэзэщIэну, ди цIыхухэм я псэукIэр едгъэфIэкIуэну. Дэ къэкIуэнум гушхуауэ дыхуоплъэ, мурад инхэр зыхудогъэувыж, лъэбакъуэ зырызурэ лъагапIэщIэхэм дынос. Абы лъабжьэ быдэ хуохъу ди лъэпкъым и зэкъуэтыныгъэмрэ и псэемыблэж лэжьыгъэмрэ.

Урысей Федерацэм и Президентым и УказкIэ иIэ ехъулIэныгъэхэмрэ хьэлэлу илъэс куэд лъандэрэ зэрылажьэм папщIэ Невский Александр и орденыр иратащ КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис.

- Сэ сыт щыгъуи жызоIэ, жысIащ икIи жысIэнущ Урысейр фIыуэ зэрыслъагъур, ар си Хэкуу зэрыщытым сызэрыригушхуэр. Урысейр псэун, ар лъэщу щытын папщIэ лэжьэн хуейщ. Дэ Iэмал имыIэу дытекIуэнущ, - жиIащ абы, дамыгъэ лъапIэр КIуэкIуэ Казбек къыщритыжым.

IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэхэмрэ хьэлэлу илъэс куэд лъандэрэ зэрылажьэмрэ папщIэ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 2-нэ нагъыщэм и медалкIэ ягъэлъэпIащ КъБР-м и Профсоюз зэгухьэныгъэхэм я советым и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэтрэ республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэнрэ.

Мэкъумэш хозяйствэм щиIэ фIыщIэхэм, хьэлэлу илъэс куэд лъандэрэ зэрылажьэм щхьэкIэ «Мэкъумэш хозяйствэм ехьэлIа и лэжьыгъэфIхэм папщIэ» медалымкIэ ягъэпэжащ «Дарган» ООО-м и унафэщI Бозиев Магомед.

«УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ «Джиджа» ООО-м и унафэщI нэхъыщхьэ Балэ Аслъэнбийрэ «Ленинцы» мэкъумэш производственнэ кооперативым и шэ комплексым и жэмыш Меньшаевэ Надеждэрэ.

«УФ-м щIыпIэ самоуправленэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэмкIэ ягъэпэжащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и чэнджэщэгъу Туменов Мурадин.

Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкIэ, иIэ ехъулIэныгъэхэмрэ хьэлэлу илъэс куэд лъандэрэ зэрылажьэмрэ папщIэ УФ-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр иратащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Урысей Федерацэм и псэупIэ ухуэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ УФ-м и Президентым и ФIыщIэ тхылъкIэ ягъэпэжащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед. Апхуэдэу хьэлэлу и лэжьыгъэм зэрыпэрытым папщIэ УФ-м и Президентым и ФIыщIэ тхылъыр хуагъэфэщащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэн.

Урысей Федерацэм къыхихьэжа щIыналъэхэм жыджэру дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъум папщIэ УФ-м и Президентым и фIыщIэ тхыгъэ къаIэрыхьащ Налшык дэт Къалэ поликлиникэ №1-м и медсестра Джэду Лаурэрэ Налшык и поликлиникэ №2-м и медсестра Къуэдзокъуэ Татьянэрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УказкIэ, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкIым къыщигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, и къалэныр нэсу зэригъэзэщIам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр иратащ хы лъэсыдзэм и бригадэм Жуковымрэ Ушаковымрэ я 810-нэ Гвардие орден щхьэхуэхэр зиIэ гупым я командир Пащты Сэлим.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УказкIэ, къэралыгъуэр зэфIэгъэувэжыным икIи къэралым и законхэр зэхэгъэувэным парламентаризмэмрэ я зыужьыныгъэм хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэхэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр хуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлимрэ.

IэнатIэм щаIэ ехъулIэныгъэхэм, хьэлэлу илъэс куэд хъуауэ зэрылажьэм папщIэ КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр иратащ Урысей гвардием КъБР-м щиIэ управленэм финанс-экономикэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Гулинок Ольгэ, а IуэхущIапIэм техникэ къызэгъэпэщыныгъэмкIэ и къудамэм и инспектор Дадуев Мурат, Лэскэн ЕтIуанэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Мысачэ МэчрэIил, КъБР-м и дзэ комиссариатым и къудамэм и унафэщI Нир Ларисэ, Май район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Отаренкэ Элеонорэ, КъБР-м и дзэ комиссариатым и оперативнэ план къудамэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь Соседкэ Александрэ, Налшык къалэ администрацэм транспортымрэ связымкIэ и къудамэм и унафэщI Уянаев Зураб сымэ.

«КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ щагъэхъуж-физкультурэ республикэ диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ КIуэкIуэ Иринэ, «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр фIащащ Аруан районым щыIэ Сабий макъамэ школым и унафэщI Жылэ Еленэрэ Налшык къалэ дэт, ГъуазджэмкIэ сабий школ №1-м и егъэджакIуэ ПIаз Аннэрэ. «Тэрч налмэс завод» IуэхущIапIэм и унафэщI ЛIэужь Ахьмэд «КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Локомотив» физкультурэ-спорт урысей зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Джэданэ Алим «КъБР-м спортымрэ физическэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», КъБР-м щыIэ МВД-м и юрисконсульт нэхъыщхьэ Бэгъуэт Мариаинэ, Къэрал казначействэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и юридическэ къудамэм и унафэщI Жанхъуэт Марьям, КъБР-м и Арбитраж судым и хеящIэ гупым я унафэщI ТишкIэ ФатIимэ сымэ «КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и ФIыщIэ тхылъыр иратащ «Восход» ООО-м и промышленнэ IэнатIэм и унафэщI Борщев Александр, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, «Черекское дорожное ремонтно-строительное управление» ООО-м и унафэщI Чаттаев Марат, УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм къулыкъу щызыщIэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ФIыкIэ дызыщыгугъыщ щIэблэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщIэхэм Урысей Федерацэм и паспортыр щаритыжащ Iэтауэ ирагъэкIуэкIа дауэдапщэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм сабийхэм ущие гуапэкIэ захуигъэзащ:

- Фэ куэд къывэхъулIащ, дэтхэнэ зыми фи еджэкIэмкIи жылагъуэ гъащIэм жыджэру фызэрыхэтымкIи ехъулIэныгъэхэр къэвгъэлъэгъуащ. Паспортыр къыщыфIэрыхьа дакъикъэм щегъэжьауэ фэ фыхъуащ хуитыныгъэ псори зиIэ, ди къэрал щэджащэм и цIыху. Урысейм и тхыдэм фыхуэфащэу, фи адэхэм, адэшхуэхэм яхузэфIэкIар вгъэбагъуэу лъэпкъ щIэиныр фхъумэну фэращ дызыщыгугъыр. Шэч къытесхьэркъым дэтхэнэ зыми фыкъызыхуигъэщIа Iэщагъэр къызэрывгъуэтыжынуми, хэкупсэ нэс фызэрыхъунуми, флъэкI къэвмыгъанэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкушхуэм щхьэкIэ феджэу, фылажьэу фызэрыпсэунуми. Сэ илъэс щэ ныкъуэ къэзгъэщIащи, си щхьэм теухуауэ вжызоIэ: сэ срогушхуэ Урысейм сызэрыщыпсэум. Адрей къэралхэми я тхыдэм сыщыгъуазэщ, я псэукIэри слъэгъуащ. Мыпхуэдэ къэрал лъэщрэ щэджащэрэ зыщIыпIи щыIэкъым.

ХьэщIэхэм яхэтащ дзэ Iуэху хэхам щыIэрэ пэт, я бынхэм паспортыр къыщратыж дауэдапщэм хэтын папщIэ къэкIуахэу Бабыгуей Рустамрэ ЗэкIурей Замиррэ. Республикэм и Iэтащхьэм ахэр псоми къаригъэцIыхури, Хэкум и щIыхькIэ зэрахьэ лIыгъэм папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Казбек адэ-анэ псоми фIыщIэ яхуищIащ я бынхэр фIыуэ зэрагъэсам папщIэ икIи ехъулIэныгъэ яIэу гъащIэр ирахьэкIыну щIалэгъуалэм ехъуэхъуащ.

Муниципалитетхэм я пщэрылъщ

Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъур щызэпкъраха, мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм а лэжьыгъэхэм кърикIуахэр щызэхалъхьэжа зэIущIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ядригъэкIуэкIащ республикэм и къалэ, щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэм.

ЛЪЭПКЪ проектхэм хыхьэу щIыналъэхэм щызэфIагъэкI Iуэхушхуэхэм я гугъу ищIу къэпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Абы зэрыжиIамкIэ, муниципалитет псоми щызэфIэкIащ абыхэм щагъэзэщIэну лэжьыгъэхэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэхэр зыхуэфащэ IэнатIэхэм ещIылIэным теухуа Iуэхур, гулъытэ хэха хуащIащ япэ игъэщыпхъэ къалэнхэм. Лъэпкъ проектхэр мы зэманым ирихьэлIэу гъэзэщIа мэхъу процент 32-кIэ, ар Урысей псом зэрыщыщытым нэхърэ нэхъыбэщ.

Щхьэхуэу къытеувыIащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр дэшыным евэлIа операторыщIэм и Iуэху зехьэкIэнуми. Абы лэжьыгъэ куэд къызэрыпэщытыр икIи а къалэнхэр дагъуэншэу зэфIэха хъун папщIэ администрацэхэм я унафэщIхэми я нэIэ зэрыщIэтыпхъэр къыхагъэщащ.

КъимыдэкIэ, республикэм и Iэтащхьэм гулъытэ хэха хуищIащ сабийхэм я узыншагъэр ирагъэфIакIуэу зегъэгъэпсэхун зэрыхуейм. Мы зэманым республикэм къыщызэIуахащ лагерь 57-рэ, абыхэм жэщми махуэми зыщагъэпсэхуу санаторэхэм яIэхэри, еджапIэхэм ныбжьыщIэхэр махуэкIэрэ щыIэу къыщызэрагъэпэщахэри яхэту. Iэтащхьэм муниципалитетхэм пщэрылъ ящищIащ а IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм и фIагъым зэпымыууэ кIэлъыплъыну.

Абхъазым зыщагъэпсэху

Донецк ЦIыхубэ Республикэм щыщ сабий 35-м, я адэ-анэхэр ящIыгъуу Абхъазым зыщагъэпсэхунущ, я узыншагъэр щрагъэфэкIуэнущ. Ар я фIыгъэщ «Урысей зэкъуэт» партым, сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу УФ-м и Президентым и деж щыIэ Львовэ-Беловэ Марие, апхуэдэуи «Къэралыр сабийхэм папщIэ» фондым и «Пщэдей дэкIмэ» щIалэгъуалэ проектым.

- ТХЬЭМАХУЭ зэхуакуитIым къриубыдэу сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэтынущ IэщIагъэлIхэм я деж, апхуэдэуи ахэр хэтынущ творческэ, спорт, щэнхабзэ-зыгъэпсэхугъуэ, зыплъыхьакIуэ Iуэхухэм, дэтхэнэми психологхэр къадэлэжьэнущ, - жаIащ къызэгъэпэщакIуэхэм.

Сабийхэр иригъэжьащ «Урысей зэкъуэт» партым къыбгъэдэкIыу ДНР-м и ЦIыхубэ Советым хэт депутат Ярош Сергей. ЯжриIащ екIуу щIэщыгъуэ куэд ялъагъуу загъэпсэхуну зэригуапэр, Iуэху щхьэпэр къызэгъэпэщыным хэтахэми фIыщIэ яхуищIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хэкум, лъэпкъым яхуэщыпкъэу

Урысейм и махуэм зэкъуегъэувэ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри, дэнэ щIыпIэ щыпсэури, IэщIагъэкIи, лъэпкъкIи, зэрахьэ динкIи зэмыщхьхэри. Дэ псоми фIыуэ тлъагъу ди Хэкум дыщопсэу икIи дэтхэнэ зыми хузэфIэкI хелъхьэ къэралым и зыужьыныгъэм, ар нэхъри лъэщ хъуным.

А МАХУЭШХУЭМ Iуэху гуапэ щекIуэкIащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм. Абы и Iэтащхьэ Темрезов Рашид иригъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа хьэщIэхэр - «Шэрджэс лъэпкъыр зы хъужыным, хамэ хэку щыпсэу адыгэхэм адэжь щIыналъэм пыщIэныгъэ къыхуаIэным хуэлажьэ Дунейпсо Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я союзым и президент Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заурэ.

КъШР-м и Парламентым и УнафэщI Иванов Александр щIыгъуу Темрезовыр яIущIащ а махуэм я дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и пащхьэм щаIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр зыхуагъэфэщахэу Сэхъурокъуэ Хьэутий, Геккиев Заур, Дер Вячеслав сымэ.

Iэтащхьэр нэхъыжьыфIхэм ехъуэхъуащ Урысейм и махуэмкIэ.

«Псом хуэмыдэу ар Iэтауэ дгъэлъэпIащ мы зэманым - къэралым и Президент, ЦIыхубэм ди пашэ Путин Владимир къыхилъхьэу Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу ягъэува мы гъэм. Ди нэхъыжьхэм я Iущагъыр, яхэлъ жэуаплыныгъэмрэ хэкупсагъэмрэ хуолажьэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум - Хэкум и къарумрэ лъэщагъымрэ хэгъэхъуэным, ахэр къэралым, лъэпкъым яхуэщыпкъэщ.

Ди щIыналъэхэм щыпсэухэр зэкъуегъэувэ ди къэралышхуэм хуаIэ лъагъуныгъэм, абы и тхыдэмрэ лIэщIыгъуэ бжыгъэ куэд хъуауэ къадекIуэкI щэнхабзэхэмрэ, я лъэпкъхэмрэ Урысейм и цIыхубэмрэ я хабзэхэм зэрахуэпэжым, апхуэдэуи адэкIи фIым хуэлэжьэным зэрыхуэунэтIам», - къыхигъэщащ Темрезовым. Абы и хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ къэралми я щIыналъэхэми зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIым папщIэ. Тепсэлъыхьащ республикэхэр зэдэлэжьэным, цIыхубэ зэкъуэтыныгъэр нэхъри гъэбыдэным хуэгъэпса проектхэр зэдэгъэзэщIыным.

Зы тхьэмахуэщ къэнэжар

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2026 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр мэкъауэгъуэм и 23-м еух.

Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэщ:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым пощтым къыщеIыфхыжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми. Ди газетым Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

Ди индексыр П5894

Я зэфIэкIыр зэрагъэуIу

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, КъБКъУ-м зэгъусэу ирагъэкIуэкIащ адэ-анэхэм я зэхуэс.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ, апхуэдэ зэIущIэхэр республикэм и щIыналъэ псоми щекIуэкIащ, псоми зэхэту адэ-анэ мини 10-м щIигъу кърихьэлIэу. Министерствэхэм, къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр школакIуэхэм, студентхэм я адэ-анэхэм яхутопсэлъыхь ныбжьыщIэр Iуэху шынагъуэ хэмыхуэным, лъэпощхьэпо Iумыуэн папщIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, хабзэншагъэхэмрэ киберщIэпхъаджагъэмрэ япэщIэтыным, наркоманием, мыхъумыщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхъумэным, иджырей зэманым мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI хабзэхэм гулъытэ яхуэщIыным.

Къызэхуэсахэм япэу захуигъэзащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэт, абы унагъуэмрэ къэралымрэ яку дэлъ зэпсэлъэныгъэ купщIафIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщащ:

- «Дэ нобэ ди къалэныр гъэсэныгъэм теухуа дерс едгъэкIуэкIынракъым, атIэ ди сабийхэр зыхэхуэнкIэ хъуну гугъуехьхэмрэ шынагъуэхэмрэ щыгъуазэ тщIынырщ. Статистикэм пцIы иупсыркъым: Iуэху мыхъумыщIэрэ щIэпхъаджагъэрэ зылэжьхэм кIуэ пэтми щIалэгъуалэ нэхъыбэ здыхашэ. ЩIэпхъаджащIэ зэгухьэныгъэхэм яхэхуа щIалэхэм я зэхуэдитIым щIигъур унагъуэ зэIузэпэщхэм, хуэщIахэм къахэкIащ. Нобэ мис мыпхуэдэ зэпсэлъэныгъэ «псэ зыIутым» дыхуэныкъуэщ. Ди бынхэм запытщIэн, депсэлъэн, ахэр зэрыпсэум дыщыгъуэзэн, сытым дежи ди нэIэ щIэтын хуейщ: ди IуэхущIафэхэр, ди дуней тетыкIэр сыт щыгъуи щапхъэщ абыхэм я дежкIэ», – жиIащ министрым.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и Аналитикэ къудамэм и къэрал инспектор нэхъыжь Балъкъэр Заур балигъ мыхъуахэр зыхэхуа гъуэгу насыпыншагъэм и бжыгъэхэр къиихьащ икIи адэ-анэхэр къыхуриджащ езыхэм я жэуаплыныгъэр зыщамыгъэгъупщэну: «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, илъэсыр къызэрихьэрэ республикэм и гъуэгухэм цIыху 34-рэ текIуэдащ, а бжыгъэм хохъуэ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ адэ-анэр сабийм дежкIэ щапхъэтехыпIэу зэрыщытыр фигу ивгъэлъыным. ЦIыху балигъым езыр зыхуей Iыхьэм деж гъуэгур щызэпиупщIкIэ, е «къуажэ кIуэцIым къыщезгъэжыхьынщ» жиIэу сабийр машинэ руль щыдигъэтIысхьэкIэ, абы и гъащIэр зэрикъутэр къыгурыIуэжыркъым. НыбжьыщIэм шынагъуэм зэрызыщихъумэ къарурэ акъылрэ иджыри иIэкъым, абыхэм дэ тщIэр ящIэжу арацщи, дэ дгъэлъагъуэр абыхэм я гъащIэм уасэ хуэхъункIэ зэрыхъунур зыщывмыгъэгъупщэну сыхуейт».

КъБР-м и МВД-м Балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и къудамэм и инспектор нэхъыжь Яковлевэ Галинэ адэ-анэхэм хъыбар яригъэщIащ щIалэгъуалэр ахъшэ тынш къыщалэжь криминалым зэрыхашэ схемэхэм: «НыбжьыщIэхэм щIэх-щIэхыурэ лэжьапIэ къалъыхъуэ, адэ-анэм махуэ къэс емылъэIун щхьэкIэ, абы къыхэкIыу гъэпцIакIуэхэм я къапхъэным йохуэ. Абыхэм «ахъшэ тынш» хуагъэлъагъуэ хъуржын цIыкIу зы щIыпIэ нэс ихьу зы Iуэхутхьэбзэ зэфIигъэкIын, е банк картэ я цIэкIэ къызэIурагъэхын папщIэ. ИужькIэ ахэр наркотикым е экстремизмэм епха щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэм хохуэ. Дэ ди къалэныр гулъытэншэу дыщымытынырщ, сабийхэм депсэлъэн хуейщ, кхъуей пщIэншэр къапхъэным фIэкIа зэрыщумыгъуэтынур ягурыгъэIуапхъэщ».

КъБР-м Къалэн куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центрым и къудамэм и унафэщI ЛIыхъурей Заур гулъытэ хуищIащ бжыгъэ щIэныгъэмрэ социальнэ инженериемрэ, бзаджащIэхэм я схемэхэм сабий джэгукIэхэри къызэрыщагъэсэбэпыр къыхигъэщу: «Интернетым ис сабийхэр бзаджащIэхэм я нэщанэуапIэщ. ГъэпцIакIуэхэм ныбжьыщIэм и профилыр фIыуэ зрагъэцIыху, криптовалютэкIэ ахъшэ къалэжьыну къыхураджэ е ныбжьэгъугъэ нэпцIкIэ къыдахьэхри, хабзэм къемызэгъ Iуэхугъуэхэм хашэ. ЩIалэгъуалэр критикэ гупсысэкIэм хуэдгъэсэн хуейщ, Интернетым Iуэху щалэжьын и пэ къихуэу, упщIэ зыхуагъэувыжын папщIэ: «Сыт мыбы сызыхуишэнур икIи хэт абы и щIыбагъ къыдэтыр?».

Налшык къалэ дэт Наркологие диспансерым и къудамэм и унафэщI Хъущт Хьэсэн утыку кърихьащ щIалэгъуалэр афияным зэрыдихьэхыр, апхуэдэуи бжыгъэхэр къигъэлъэгъуащ икIи адэ-анэхэр къыхуриджащ я бынхэм набдзэгубдзаплъэу яхущытыну: «Афияным псынщIэу узыIэпешэ, зэ еплъыгъуэкIэ зэраныгъэншэ вейпхэмрэ снюсхэмкIэ къыщIадзэ щIалэхэм, итIанэ нэхъ хьэлъэхэм хуокIуэ. Адэ-анэхэм гу лъатэн хуейщ ныбжьыщIэхэм я зыIыгъыкIэм, абы и хьэлым, щытыкIэм зэрызихъуэжым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр сабийр щытыкIэ гугъу щихуам деж псом япэу дэIэпыкъуэгъу фыхъун зэрыхуейрщ. Унагъуэ зэIузэпэщыр Iэмал имыIэу унагъуэ хуэщIаракъым, мылъку зыбгъэдэлъракъым, атIэ дзыхь зэрылъырщ».

НыбжьыщIэм и психологием, буллингым, щIалэщIэм и «щхьэзакъуэ гъунапкъэхэр» хъумэн зэрыхуейм тепсэлъыхьащ КъБКъУ-м ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу, психолог Хьэмыз Аслъэн: «Лей къызытехьэ е къуейщIей гуп тыншу хэхуэ сабийхэр зи адэ-анэхэм я нэIэ щIэтыIуэхэрщ е абыхэм я гулъытэ зыхуримыкъухэрщ. Адэ-анэм я лъагъуныгъэ нэс щыхъур сабийр щызэхищIыкIым дежщ, IэщIэщIа щыуагъэр къыбгурыIуэфмэщ».

ЗэIущIэм кърикIуахэр щызэхилъхьэжым, КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэ политикэмрэ социальнэ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщI Къумыкъу Резуан къыхигъэщхьэхукIащ университетым унагъуэр зэрызэримыхъуэкIыфынур, ауэ студентхэр гъэсэнымкIэ сыт щыгъуи щIэгъэкъуэну зэрыщытыр: «Унагъуэм дежщ цIыхум и зэпIэзэрытыныгъэр къыщежьэр. Университетыр сыт хуэдизу мылъэщми, адэ-анэм фи дэIэпыкъуныгъэншэу, ныбжьыщIэхэр мыхъумыщIагъэм щытхъумэфынукъым. Ди студентхэр губзыгъэщ икIи зэфIэкI яIэщ, ауэ унагъуэм, жылагъуэм, къэралым я къарур зэдгъэуIумэщ, ди адэжьхэм я щIэиныр ябгъэдэтлъхьэжмэщ абыхэм яхуэфащэ щIэблэ щыдгъэсэфынур».

ЗэIущIэм къриубыдэу адэ-анэхэм хъыбарегъащIэ тхыгъэхэр хуагуэшащ, QR-кодхэр иратащ, психологие дэIэпыкъуныгъэ щыхуэныкъуэм деж анонимнэу зыхуагъэзэну.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ «Юнармия» щIыналъэ къудамэм и унафэщI Джатэ Темболэт щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным ехьэлIауэ къалэнышхуэ и пщэ дэлъщ. Мы IуэхущIапIэм ягъэувын ипэ, ар и унафэщIу щытащ КъБР-м щыIэ «Авангард» жылагъуэ псапащIэ зэгухьэныгъэм. Абдежи абы и нэIэм щIэту лэжьыгъэфI щызэфIагъэкIащ еджакIуэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ хэкупсэу гъэсэным, тхыдэ фэеплъыр хъумэным, щIэблэм я жэрдэмхэр ядэIыгъыным теухуауэ.

Нобэ Темболэт и унафэм щIэту, щIыналъэ къудамэр жыджэру йолэжь Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр зэгъэхъулIэным. Апхуэдэхэм ящыщщ «Полотно памяти» хэкупсэ Iуэхур. Абы ипкъ иткIэ, ныбжьыщIэхэм Хэку зауэшхуэм хэтахэм я цIэхэр хадыкI. Къапщтэмэ дызэрыт илъэсым Налшык щызэIэпахащ лIыхъужь мин 25-м я цIэхэр зыхадыкIа фэеплъ щэкI метр зэбгъузэнатIэ мин хъур. «Юнтех» зыфIаща Iуэхумкlэ щIалэгъуалэр инженер IэщIагъэхэм хагъэгъуазэ, иджырей IэмэпсымэхэрIэмэпсымэхэр къагъэсэбэпыфу ирагъасэ. «Зарница 2.0» дзэ-хэкупсэ джэгур мы гъэм Шэрэдж районым щыIэ полигоным къыщызэрагъэпэщащ, «Юнармия»-м хэт ныбжьыщIэ гуп 18 щызэпеуащ. «Пэжым и дакъикъэ» зэхьэзэхуэр зытращIыхьыр, зауэм теухуа литературэр я тегъэщIапIэу, щIэблэм я гупсысэхэр къегъэгъэлъэгъуэнырщ. 2026 гъэм иджы япэу «Пост №1» щIыналъэ зэхыхьэшхуэр екIуэкIащ, щIыхь зыпылъ къэрэгъулым и хабзэхэм щыхагъэгъуазэу, Хэкум и тхыдэр къыщрагъэпщытэжу. Зэгухьэныгъэм и мыхьэнэм нэхъ убгъуауэ тедгъэпсэлъыхьащ абы и унафэщIыр.

- Темболэт, «Юнармия» урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр мы гъэм илъэси 10 ирокъу. Сыт мы зэщIэхъееныгъэм и мурад нэхъыщхьэу уэ къэплъытэр?

- Ар зытеухуар сабийм и гъащIэр зэриухуэну щIыкIэм лъабжьэ етынырщ, къэралым хуэфащэ цIыху нэсу ар къэгъэтэджынырщ. Дауэ ар зэрызэдгъэхъулIэфынур?! Псом япэр гъэсэныгъэ яхэтлъхьэнырщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ялэжь IуэхущIафэхэмкIэ жэуаплыныгъэ зэрахьыр къагурыдогъаIуэ, жылагъуэм жыджэру хэтыным худогъэхьэзыр. КъищынэмыщIауэ, сабийр гупсысэфу идогъасэ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ. ЩIэныгъэ ептыр я гум ираубыдэ къудей мыхъуу, къаIэрыхьэ хъыбарыр зэпкърахыфу, упщIэхэр ягъэувыфу щытыпхъэщ. Ахэр яхэтлъхьэмэ, адэкIэ я гъащIэр нэхъ тыншу яубзыхуфынущ. Нэхъыщхьэрагщи, я щхьэм теухуауи Хэкум папщIи я пщэ дэлъыр къагурыIуэнущ.

- Зэгухьэныгъэм хэкупсэ мыхьэнэ зэриIэм къищынэмыщIа, дзэ хабзэхэри и лъабжьэщ. Дауэ уеплърэ, сыт апхуэдизу пасэу сабийхэр абы щIыхуэдгъэсэн хуейр? Сабиигъуэ зэманыр апхуэдэ щIыкIэкIэ яхуэдмыгъэмащIэу пIэрэ?

- Ар зэрыщытращ: дэ «казармэ щIыкIэу» дзэм хуэдгъасэркъым, атIэ IэщIагъэ зэхуэмыдэхэмкIэ лъабжьэ идогъэгъуэт. Ди лэжьыгъэр унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ гуэшащ: «Юнтех»-м тегъэщIапIэ щыдощI инженер Iэзагъ яхэлъхьэным. «Юнавиа»-р моделированэм ехьэлIащ. «Юнкор» зыфIэтща къудамэм корреспондент ныбжьыщIэхэр къызэщIеубыдэ, хъыбарыщIэхэмрэ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм ятеухуа тхыгъэхэм елэжьу абыхэм зыхуагъасэ. Уеблэмэ «Юнфлот» унэтIыныгъи диIэщ, ауэ къехьэкIнехьэкI хэмылъу жытIэнщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым тенджыз зэримыгъунэгъум къыхэкIыу ар ди деж фIыуэ щызэтеублакъым. ИтIани, а Iуэхум дихьэх сабий диIэ хъумэ, абы и лъэныкъуэкIи гулъытэ хуэтщIыфынущ.

Иджы Iэщэмрэ абы хуаIэ щытыкIэмрэ я гугъу пщIымэ. ЗэрытщIэщи, адыгэхэм Iэщэ гъэпсыкIэм къызэрымыкIуэу хащIыкIыу, дэтхэнэ щIалэ цIыкIуми ар хуэгъэIэкIуэлъакIуэу щытын хуейуэ дыкъэгъуэгурыкIуащ. Ар ди лъэпкъ щэнхабзэм и зы Iыхьэщ. Iэщэ IыгъыкIэ умыщIэныр, ар къыпхуэмыгъэсэбэпыныр емыкIут. Дэ щIэуэ зыри къэдгупсысыркъым, ди хабзэхэм пытщэу аращ, ауэ иджырей зэманым декIуу.

Мыри къыхэзгъэщынут: нэхъ пасэм адыгэхэм атэлыкъ хабзэ яIащ. Сабийр

нэгъуэщI унагъуэм ягъэсэну иратырт, нэхъыбэри - унагъуэ нэхъ хуэмыщIам. Езыхэм а къалэныр зыщхьэщахынратэкъым абы щIыхуекIуэр, атIэ я щIэблэр щымыкIын, лэжьыгъэм, хабзэхэм тэмэму хуэгъэса хъун папщIэт. Нобэ апхуэдэ къалэныр «Юнармия» зэгухьэныгъэм игъэзащIэу къызолъытэ, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ куэд и пщэ дэлъщи. Сабийр щIэубыдауэ дзэм хуэдгъэхьэзыркъым, зи ужь дитыр гъуэгугъэлъагъуэ дыхуэхъунырщ, и хьэлыр псыхьынырщ. ИкIэм-икIэжым тлъагъур сэлэткъым, атIэ лъэныкъуэ куэдкIэ зызыужьа цIыхущ, Iуэхугъуэ куэдым хищIыкIыу. Абы зыгуэркIэ сабийр Iэпхълъэпх ищIрэ?! Си гугъэмкIэ, ищIыркъым.

- Узытепсэлъыхьыр къэтлъытэмэ, жылагъуэр экстремизмэм пэIэщIэу щытынымкIэ гъэсэныгъэм куэд иIыгъщ. Сыт хуэдэ зэпыщIэныгъэ плъагъурэ абы теухуауэ?

- ТIууэ дывгъэгуэши, девгъэплъ абы. Лъэпкъ зэхущытыкIэхэр лъабжьэ зыхуащI экстремизм щыIэщ, апхуэдэуи диныр къэзыгъэсэбэпхэми дрохьэлIэ. Ахэр Iуэху зэхуэмыдэщ.

Лъэпкъ зэхущытыкIэхэм я гугъу пщIымэ, ди Iуэху еплъыкIэр мыращ: уи лъэпкъ уригушхуэныр тэмэмщ, ауэ пагагъэр къыщезэгъи къыщемызэгъи зэхэбгъэкIыфын хуейщи, псалъэкIэ мыхъуу, IуэхуфIкIэ къэгъэлъэгъуапхъэщ: уи ехъулIэныгъэ ирехъу, уи IуэхущIафэу щрет.

ЩIалэгъуалэр нэгъуэщI щIыналъэхэм кIуа нэужь, зэхэгъэж щрихьэлIэ къохъу. Ар зыуи къэрамыдзэну яжыдоIэ. «Апхуэдэ гуэр фрихьэлIа?! ФызыхущIэкъунур фи ехъулIэныгъэхэм хэвгъэхъуэнырщ. КIий-гуокIэ зыми зыри ягурывгъэIуэфынукъым, фызахуэмэ, IуэхукIэ, щапхъэкIэ ар щIэвгъэбыдэ», - яжыдоIэ ныбжьыщIэхэм.

Диным кууэ иджыпсту дытепсэлъыхьынкъым, ауэ мыбдеж нэхъыщхьэр жысIэнщ: сабийхэр къызыхэкIа лъэпкъ, я унагъуэм щызекIуэ дин емылъытауэ, пщIэ зэхуащIу догъасэ, псоми я зэхуэдэ хабзэфIхэм тету, гъэсэныгъэмрэ нэмысымрэ я лъабжьэу. Зы лъабжьэ щаIэкIэ - экстремизм гупсысэхэр я щхьэм къихьэнукъым.

- Апхуэдэ Iуэхухэр гъэмэщIэнымкIэ, терроризмэм щIалэгъуалэр хамышэнымкIэ нобэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ екIуэкIыу гу лъыптэрэ?

- ЗэрыжысIащи, апхуэдэ гупсысэ ямыIэххэнырщ дызэлэжьын хуейр. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIа, дин еплъыкIэ зэхуэмыдэхэм тет цIыхухэр зэрыцIыкIурэ зы хабзэм, зы гъэсэныгъэм щыщIапIыкIым и деж, иужькIэ нэхъ тыншуи зэгурыIуэнущ. Абыхэм къезэгъымрэ къемызэгъымрэ теухуауэ зэхуэдэ гупсысэщ яIэнур. Мис аращ нэхъыщхьэу къэслъытэр, зи гугъу тщIым дыпэщIэтынымкIэ. Щысабийм щегъэжьауэ нэгъуэщIым пщIэ зэрыхуащI мардэ нэхъыщхьэхэр зыхегъэлъхьэн, абыхэм быдэу тегъэтын хуейщ. Апхуэдэ цIыхур лъэпкъ, дин зэхэгъэжым пэIэщIэнущ.

- «Юнармия» зэгухьэныгъэм абы и лъэныкъуэкIэ сыт ищIэр?

- Фызыпэмыплъа гуэр жысIэну къыщIэкIынщ. Зы махуэ хэха гуэрым абы ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къызэбгъэпэщыныр экстремизмэм зыщыпхъумэнымкIэ мыхьэнэ иIэну къэслъытэркъым. Зэхыхьэ ебгъэкIуэкIрэ узэбгрыкIыжкIэ зэфIэкIыркъым, етIуанэ махуэм ар ящогъупщэж. Экстремизмэм апхуэдэу елэжькъым. Сабийм, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, зэхегъэхыпхъэщ гъуэгу захуэм тетынымрэ хьэл-щэныфIхэмрэ зыхуэдэр. «Юнармия» зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр абы тещIыхьауэ ухуащ: сабийр зэпымыууэ гуп хэтщ, гъэсакIуэ иIэу.

- Фи гъэсэнхэм адэкIи фыкIэлъыплърэ? Сыт я гъуазэ?

- Сабий псоми хуэдэу, ди гъэсэнхэми я зэфIэкI къагъэлъэгъуэну хущIокъу. Дгъэгушхуэн щхьэкIэ, зэпеуэхэр идогъэкIуэкI, къыхэжаныкIхэм ахъшэ саугъэт идот. КъищынэмыщIауэ, щхьэпэу къызолъытэ «Читай-город» тхылъ IуэхущIапIэм и сертификатхэр: сабийр щогуфIыкI, щIэныгъэм нэхъри хуегъэпабгъэ.

Шэч хэмылъу, зэгухьэныгъэм хэкIыжа иужькIи, ди гъэсэнхэм ди нэIэ ятетщ. Псом хуэмыдэу еджапIэфIхэм щIэтIысхьэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу дахуэхъуну дыхущIокъу. ЕГЭ-м баллхэр яхухэтлъхьэну апхуэдэ хуитыныгъэ диIэщи, языныкъуэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ди чэнджэщхэр къалъытэ. НыбжьыщIэхэм къагурыIуэ абы и мыхьэнэр зэрыиныр.

- «Юнармия»-м и гъэсэнхэм ящыщи мы зэманым дзэ Iуэху хэхам хэту къыщIэкIынщ. Къэралым и къэкIуэнур зыхъумэхэм дауэ защIэвгъакъуэрэ?

- Пэжщ, дзэ Iуэху хэхам щыIэщ «Юнармия»-м и гъэсэнхэм ящыщи. Дэ абыхэм дрогушхуэ икIи зэрызащIэдгъэкъуэнум зэпымыууэ иужь дитщ.

Ди зэгухьэныгъэр жыджэру яхэтщ ди щIалэхэм ядэIэпыкъухэм. Дзэ къалэнхэр ягъэзэщIэн щхьэкIэ къахуэщхьэпэну хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэгъэкIыныр зэтедублащ.

КъищынэмыщIауэ, дыхущIокъу къэзыгъэзэжхэм гулъытэ яхуэтщIыну. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ди лIыхъужьхэр щIэблэм яIугъэщIэным, абыхэм я лIыгъэмрэ зэфIэкIымрэ зэхегъэхыным. ЛIыхъужьхэм я щапхъэр гъэсэныгъэмкIэ Iэмал лъэщу жыпIэ хъунущ. Хэкур зыхъумэ лIыхъужьыр я нэкIэ ялъэгъуныр сыт хуэдэ дерсым нэхъри нэхъ купщIэ зиIэщ. ЗэкIэ ди лIыхъужьхэм я цIэр къидмыIуэми, абы и чэзури къэсынущ - Iэмал имыIэу ди щIалэхэм я гугъу щытщIын зэман дихуэнщ.

- Темболэт, жыпIар къызэщIэдгъэкъуэжи, хэкупсагъэм нэмыщI фи зэгухьэныгъэм сыт къаритрэ ныбжьыщIэхэм?

- Псом япэр псоми зэхуэдэу ягъуэт лъабжьэращ: псэуныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ ехьэлIауэ я зэфIэкIхэм зэрызрагъэужьыр, пашэныгъэм зэрыхущIэдгъэкъур, гуп хэтыкIэм зэрыхуэдгъасэр. Абы къыдэкIуэу, дзэм къулыкъу щащIэным хуэхьэзырынми гулъытэ худощI.

АдэкIэ къокIуэ зи гугъу сщIа унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм хуэIэкIуэлъакIуэ хъуныр: инженер Iэзагъ жыпIэми, авиамоделированэрами. Дэтхэнэми езым нэхъ пэгъунэгъур къыхех.

- Зэгухьэныгъэм и къэкIуэнур дауэ плъагъурэ? Сыт хуэдэ унэтIыныгъэщIэхэр е къалэнхэр къыхудэкIынкIэ хъуну?

- КъэкIуэнум дызэлэжьынухэр Iуэхугъуэ зыбжанэу бгуэш хъунущ. Япэр - ди щIыналъэм, ди лъэпкъ хабзэхэм, ди щэнхабзэм епхахэрщ. ЩIыпIэ туризмэм зегъэужьыныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ - сабийхэм я республикэр сурэтхэмкIэ мыхъуу, езыхэм я нэкIэ егъэлъэгъун, лъагъуэ пхегъэшын хуейщ. Лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъэхэр къэгъэщIэрэщIэжынри ди мурадщ. ИгъащIэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр цIэрыIуэу щытащ адыгэ уанэмкIэ, фэм къыхащIыкIыу щыта шы IэпслъэпсхэмкIэ. Iэмал имыIэу «Юнармия»-м и шы спорт клуб къызэдгъэпэщыну дыхуейщ. Iуэхугъуэ щхьэхуэщ республикэм и щIыпIэхэм жыгхэр щыхэсэныр. Ар хабзэ тхуэхъуа Iуэхущи, адэкIи абы пытщэну ди гугъэщ.

Ди щIыналъэ къудамэр щхьэхуэу зэлэжьхэм ящыщу къэзгъэлъэгъуэнут иджыблагъэ едгъэкIуэкIа «Пэжым и дакъикъэ» зэпеуэр: зэхьэзэхуэм мазэ иIэжу сабийхэм тхылъ къаIэрохьэ, абы йоджэ, иужькIэ я Iуэху еплъыкIэр ятхыж. Спорт зэпеуэхэр егъэкIуэкIынми гулъытэ хуэтщIынущ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, «Юнармия» зэгухьэныгъэр и гъэсэнхэм яхуэсакъынущ я щIэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

● Жылагъуэ

ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр мащIэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэм и Iуэхухэр щызэхьэнымкIэ и управленэм (ЦУР) и эфир занщIэм иджыблагъэ щыхьэщIащ Прохладнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Ломов Максим. Ар тепсэлъыхьащ лъэпкъ пэхуэщIэхэр щIыналъэм зэрыщагъэзащIэ щIыкIэм, абыхэм къарикIуахэмрэ дызэрыт илъэсым къапэщылъ къалэнхэмрэ, нэгъуэщIхэми.

РАЙОНЫМ и лIыщхьэм зэрыжиIамкIэ, щIыпIэ администрацэм япэ игъэщыпхъэ и лэжьыгъэхэм хохьэ щызэблэу къэмыхъуу цIыхухэр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщыныр, инфраструктурэр егъэфIэкIуэныр. Псалъэм къыдэкIуэу, 2018 - 2025 гъэхэм къриубыдэу къэрал программэхэмрэ лъэпкъ пэхуэщIэхэмрэ япкъ иткIэ Прохладнэ щIыналъэм щагъэзэщIащ Iуэхугъуэ 36-рэ. Абы трагъэкIуэда мылъкур щIыпIэ бюджетым къыхэкIащ.

ЖыпIэнурамэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу, псы къабзэ зэрыкIуэ бжьамийуэ псори зэхэту километр 53-рэ районым щызэрахъуэкIащ, псы скважинэу 10 щаубрууащ, псы хъумапIэхэри щаухуащ. Лэжьыгъэ нэхъ инхэр щекIуэкIа жылэхэм ящыщщ Ново-Вознесенскэр. Бжьамийхэр щызэрызэрахъуэкIам къыдэкIуэу (псори зэхэту километр 1,81-рэ якукъуэдиящ), псы къыщIэшыпIэщIэ щаубрууащ, псы хъумапIи щаухуащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ Ново-Троицкэ къуажэми. Мыбдежым, псы къабзэ зэрызэбгратыкI бжьамийуэ псори зэхэту километр 1,5-м щIигъу къыщагъэщIэрэщIэжащ.

Прохладнэ районым и гъуэгухэмрэ уэрамхэмрэ къэгъэнэхунми гулъытэ хэха хуащI зэпытщ. 2025 гъэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ щIыналъэм и къуажипщIым. Къапщтэмэ, ток кIапсэщIэу псори зэхэту якукъуэдиям и кIыхьагъыр километр 25,4-м щIигъуащ. Дызэрыт илъэсми а лэжьыгъэм пащэнущ икIи щIыпIэщIэхэм пкъоущIэхэр щагъэувынущ, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ.

ЦIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэри районым щызэпагъэуркъым. Прохладнэ районым щыпсэухэр илъэс къэс жыджэру хэтщ къэралым щекIуэкI урысейпсо интернет IэIэтым. НобэкIэ, щIыналъэм и цIыхухэм ящыщу мини 2-м щIигъум къагъэлъэгъуащ зэIузэпэщ ящIын хуейуэ къалъытэ щIыпIэхэр.

2026 гъэм «Къалэ псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ районым цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIитI зыхуей хуагъэзэнущ. Ар Прималкинскэ, Къэрэгъэш жылэхэм щыIэхэрщ. 2018 - 2025 гъэхэм къриубыдэу а пэхуэщIэм хыхьэу Прохладнэ щIыналъэм цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэу 16, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я бжэIупэрэ пщIантIэу 64-рэ зэIузэпэщ ирагъэщIащ.

ЗэхъуэкIыныгъэшхуэхэр ирагъэгъуэт районым егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэми. Псалъэм къыдэкIуэу, «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэмрэ «НэхъыфIу щыIэр – сабийхэм» щIыналъэ проектымрэ япкъ иткIэ 2026 гъэм къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ щIыналъэм и курыт еджапIэу 5. Абы хохьэ Алътуд, Лесное, Малакановское, Прималкинское, Псыншокъуэ къуажэхэм я школхэр.

Апхуэдэуи, Заречнэ жылэм и курыт еджапIэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным и проект-сметэ дэфтэрыр щIыпIэ администрацэм игъэхьэзыращ. Ар къэрал къэпщытэныгъэм пхыкIащ икIи мы гъэм зэIузэпэщ ящIыну IуэхущIапIэхэм я спискэм хагъэхьэну лъэIу ягъэхьащ.

Абыхэм къадэкIуэу, сабий садхэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр районым жыджэру щрагъэкIуэкI.

Лъэпкъ пэхуэщIэхэмрэ къэрал программэхэмрэ я фIыгъэкIэ Прохладнэ районым и администрацэм Iэмал иIэщ цIыхухэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэну, тыншыпIэхэр къахуэзэригъэпэщыну, социально-экономикэ зыужьыныгъэхэр щIыналъэм ирагъэгъуэтыну, жиIащ Ломов Максим.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Туризм

Зэман куэд трагъэкIуадэркъым

Ди къэралым и щIыналъэхэм къыщызыкIухь туристхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщIэ IэщIагъэлIхэм иджыблагъэ ирагъэкIуэкIащ УФ-м и хьэщIэщхэм зэрызыщрагъэтх щIыкIэм теухуа къэпщытэныгъэ. Нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, щIыналъэм къэкIуэн ипэкIэ махуэ дапщэ иIэжу пэшхэр яубыдми зрагъэщIащ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ къызэрагъэлъэгъуамкIэ, хьэщIэщхэм зыщезыгъэтххэм я процент 14-м ар щащIэр зыплъыхьакIуэ е зыгъэпсэхуакIуэ ежьэным зы махуэ иIэжущ. Апхуэдэу нэхъыбэу щащIыр Урысей Ипщэмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я курортхэмрэ промышленнэ къалэ инхэмрэщ.

ЗэрыжаIэу, «гъуэгурыкIуэу», а махуэ дыдэм Налшык къалэм и хьэщIэщхэм зыщезыгъэтх туристхэр нэхъыбэщ, адрей щIыналъэхэм елъытауэ. Ди къалащхьэм къыкIэлъокIуэ Чебоксары, Дон Iус Ростов къалэхэр. Зэман куэд трамыгъэкIуадэу, псынщIэу зызэщIэзыкъуэу зыплъыхьакIуэ ежьэхэм къыхах къалэхэм яхохьэ Новороссийск, Грознэ, Краснодар, Саранск къалэхэри.

«OneTwoTrip»-м и IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэмрэ тенджыз ФIыцIэ Iуфэмрэ япэ щIищым и щхьэусыгъуэр иужьрей илъэсхэм автомобиль туризмэм зыужьыныгъэшхуэ зэригъуэтарщ. ЦIыхухэм, езыхэр щыхуей зэманым, я машинэхэмкIэ зыплъыхьакIуэ е зыгъэпсэхуакIуэ ежьэну Iэмал щаIэм деж, куэдрэ мыгупсысэу гъуэгу тоувэ икIи жэщ-гъуэлъ къыщызэтеувыIэну щIыпIэри а махуэ дыдэм къыхах.

«Туристхэм иджыпсту нэхъ яфIэфIщ, мурад убзыхуа гуэрым темыту, ягу къыщихьэ зызэщIакъуэу занщIэу гъуэгу техьэну, я гукъыдэжымрэ дунейм и щытыкIэмрэ ятещIыхьауэ. Апхуэдэхэм деж автомобилхэр абыхэм я дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэщ», - къыхагъэщащ интернет-сайтым и лэжьакIуэхэм.

ЩЭУЕЙ Былэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗауэлIхэм яхуэзащ

УФ-м и Президент Путин Владимир Урысейм и махуэм яхуэзащ дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм. Къэралым и УнафэщIым жиIащ дэтхэнэми и къалэныр нэгъэсауэ зэригъэзащIэр икIи Урысейм хуэпэжу я къулыкъур зэрырахьэкIым папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

«Дэ фIэкIа Урысейм нэгъуэщI зыри хуейкъым. Дэращ ар зыхъумэфынур, - жиIащ къэралым и Президентым. - Урысейр и закъуэу пэщIэтщ КъухьэпIэм, НАТО-кIэ зэджэ зэгухьэныгъэ цIэрыIуэм. Абы хэт къэрал псоми яхузэфIэкI къагъанэркъым, Урысейм къращIылIа зауэр езым я фейдэм хуашэну я мурадщи. Абыхэм я гугъащ псынщIэ дыдэу ди къэралыр хагъэщIэну. Ауэ зыхуеяр къайхъулIакъым икIи апхуэдэ бзаджагъэр абыхэм зэи къадэхъунукъым!»

Путин Владимир къыхигъэщащ Урысейр хъумэным, абы и лъабжьэр гъэбыдэным зи гъащIэр щIэзыта зауэлIхэм я цIэхэр мыкIуэдыжыным телэжьэн зэрыхуейр. «Щеджа школхэм, уэрамхэм абыхэм я цIэхэр фIэщын хуейщ. Ахэр абы хуэныкъуэжкъым. Абы хуейр дэращ, нобэрей гъащIэм хэпсэукIхэрщ, къытщIэхъуэну щIэблэрщ», - жиIащ УФ-м и Президентым.

Лъэныкъуэ псори къызэщIрагъэубыдэ

Урысейм и щIыналъэщIэхэм жыджэру заужь. Къэралым и щIыпIэ псоми хуэдэу, абыхэми щагъэзащIэ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ къызэригъэлъэгъуамкIэ, къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр ират цIыху мелуани 2,4-м. 2023 гъэм щегъэжьауэ пенсэхэр хуагъэуващ цIыху мелуан 1,5-м щIигъум. Анэ мылъкур яIэрыхьащ бзылъхугъэ мини 140-м, зыуэ щыт пособием къызэщIрагъэубыдащ унагъуэ мин 36-м нэблагъэ.

ЩIыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ я IэнатIэхэм я лэжьыгъэр медицинэм и иджырей жыпхъэхэм тету зэтраублащ. Абыхэм лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ щIыналъэ центру, цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэ къудамэу 11 къыщызэIуахащ.

Апхуэдэу щэнхабзэ IуэхущIапIэу 470-рэ къагъэщIэрэщIэжащ икIи зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ унэлъащIэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. 2023 гъэм щегъэжьауэ щIыналъэхэм нэгузыужь-егъэджэныгъэ зекIуэхэр щрагъэкIуэкI. ЕджакIуэ мин 29-м щIигъу Урысейм и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIащ, мы гъэм ныбжьыщIэ мини 8-м къэралыр зрагъэлъагъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 16, *гъубж*

♦ **1931 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн**.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 17, *бэрэжьей*

♦ **ЩIыр игъущыкIынымрэ уэгъумрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1565 гъэм** Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамстрыкъу Москва кIуащ.

♦ **1961 гъэм** Налшык экраныбгъуэ зиIэ «Восток» кинотеатрыр къыщызэIуахащ.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэу щыта **КIэш Фёдор**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабии 10. Абыхэм ящыщу 6-р хъыджэбз цIыкIущ, 4-р щIалэщ. *Мэкъуауэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 332-рэ, *илъэсым* и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 4005-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи гур къабзэм и бзэр IэфIщ.

ХъыбарегъащIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м къыдигъэкIа «КъБР-м и Iэтащхьэм ЩIэныгъэмрэ инновацэхэмкIэ и саугъэтым теухуауэ» Унафэ №158-УГ-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къедзауэ лажьэ ЩIэныгъэмрэ инновацэхэмкIэ саугъэтыр зыт советым зэбгретыкI 2026 гъэм екIуэкIыну щIэныгъэлI щIалэхэм папщIэ къыхалъхьа зэпеуэм зэрыщIидзам теухуа хъыбар.

Саугъэтитху ятынущ, дэтхэнэ зыри сом мини 100-м нэсу:

щIыуэпсым, техникэм, гуманитар щIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм, техникэщIэрэ IэмэпсымэщIэрэ къэзыгупсысахэм, экономикэм зыужьыныгъэ езыт IэмалыщIэ къыхэзылъхьахэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ гъащIэм хуэщхьэпэну къалъытахэм.

Зэпеуэм хэтынухэм я дэфтэрхэр къызэрагъэлъэгъуапхъэ щIыкIэр, абы ирагъэхьыпхъэ материалхэмрэ хэтынухэмрэ ятеухуауэ зыщыгъуэзапхъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и интернет хэщIапIэм къыщывгъуэтынущ: https://edu.kbr.ru/upload/medialibrary/676/8jcp2lbltuzme5td7ok3qan7bkq4b5rg/premiya-GlavyKBR_08062026.pdf.

Ягъэува мардэм тету ягъэхьэзыра дэфтэрхэр КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм зэпеуэм хэтынухэмрэ абыхэм я лIыкIуэхэмрэ 2026 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 23-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 23 пщIондэ мы адресымкIэ щыIахынущ:

36000, Налшык къалэ, КIыщокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 43, пэш 319-нэ.

ФызыщIэупщIэнухэм папщIэ телефоныр: 42-07-26

Сабийм и анэдэлъхубзэр хуэзыгъэIэфI

«Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ Аброкъуэ Беллэ и юбилейщ

Дзэлыкъуэкъуажэ къыщалъхуа Аброкъуэ Беллэ курыт еджапIэр къиуха иужь, 1993 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьащ. Урысыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэр къиухри, радиом лэжьэн щыщIидзащ. Литературэ-драмэ редакцэм илъэс 23-кIэ щыIауэ, 2016 гъэм «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэу ягъэуващ, илъэсипщI хъуащи а IэнатIэм пэрытщ. Министерствэ, ведомствэ куэдым я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къыпэкIуащ Беллэ емызэшыжу зэрылажьэм. Ауэ нэхъыщхьэр илъэс куэд хъуауэ зыпэрыт IэнатIитIми игури и псэри зэрыхилъхьэрщ, лъэпкъ зэхэщIыкIыр, цIыхухэм я гукъыдэжыр къызэриIэтынум, сабийхэр зэригъэгуфIэнум яужь зэритырщ, ахэр абы фIы дыдэу къызэрехъулIэрщ. И макъ гуакIуэмкIэ, и адыгэбзэ къабзэмкIэ радиом едаIуэхэр итхьэкъуауэ щытамэ, иджы сабиипсэр зыдэгуфIэ, сабиинэр дэзыхьэх журнал купщIафIэ, щхъуэкIэплъыкIэ ягъэхьэзыр Беллэрэ абы и гъусэу лажьэ бзылъхугъэ цIыкIухэмрэ. И гуащIэм и шхыгъуэ ихуэу, и лэжьыгъэм и хъер илъагъуу, и унагъуэм, и бынхэм я гуфIэгъуэ щымыщIэу псэуну дохъуэхъу Беллэ. И ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур ди щхьэусыгъуэу, и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуауэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащи, къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Радиом илъэс куэдкIэ ущылэжьащ, Беллэ. Абы ехьэлIа гукъэкIыж IэфIхэм ящыщ сыхуейт. Ухуехъуэпсэ кIыжыркъэ а илъэсхэм?

- Радиор зэи сигу ихуакъым, си пщIыхьми хэкIакъым, Залинэ. СыхуеплъэкIыжмэ - ар сэркIэ гъатхэпэ акъужьу щIалэгъуэм къыIурих епэрымэт, усэбзэт, макъамэт, сиIу илъ адыгэбзэм и щIэжьыуэ пшыналъэт! Си пщэдджыжь нэтынхэм зэм нэхущ бзум и макъыр къыхэбзэрабзэт, гу гъэпсэхугурыфIыгъуэ Iуэхум хэхуарзэу, зэм «Пшыналъэ» нэтыным Тыркум щахъумэжа хъыбарыр къыхэIукIырт, абы къыщIэува шыкIэпшынэм щIэдэIуурэ, умылъэгъуар уи нэгу щIигъэкIыжу, зэми АфIэунэ Лиуан и усэм сабийм сурэт трищIыкIыу, ар дерс нэтынт! Радиом бзэмрэ макъхэмрэ тепщэ щохъу, пшыналъэфIым уи нэр хегъэплъызэри, дуней хьэлэмэт псэм къыщегъэщI. Апхуэдэ лъэкIыныгъэ телевиденэми газет тхыгъэхэми яIэу сщIэркъым. Аращ радиор илъэс 23-м кърииубыдэу адрей СМИ IэнатIэхэмкIи къулыкъукIи щIысхуэмыхъуэжар, сыщрагъэблэгъа щыIами. Ар зыхузэфIэкIар «Нур» цIыкIурщ! Иджы ар спэIэщIэ хъуа си дыщ хуэдэщи, абы си макъыр яхуэхамэ хъуами, я Iуэху екIакIуэу слъагъуну сыхуейкъым, си псэм ешыкъылIэнущи. Адыгэбзэр жьакIуэу зыIурылъ щIалэгъуалэ срихьэлIэмэ, абы кIуэну тызогъэгушхуэ. Радиом ехьэлIауэ сигу хэзыгъахъуэу къысхуэнар пщIэрэ, Залинэ? Гъэ къэскIэ абы и махуэшхуэмкIэ къызэхъуэхъур куэдкIэ нэхъыбэщ, печатым ейр щыдгъэлъапIэкIэ зигу сыкъэкIыжхэм нэхърэ. «Нурым» сэ щызлэжьыр Iуэху нэхъ гугъущ, дауи, ауэ мыбдеж радиом хуэдэу си цIэ-си щхьэ зэрыщымыIур арагъэнщ сызыхуэлажьэм сыкъыщIамыщIэри.

- АтIэ, уэ езым уи Iэдакъэ къыщIэкIыфыну балигъ тхыгъэхэр зэбгъэтIылъэкIауэ, ахэр зэрымащIэмкIэ дагъуэ къыпхуащI пэтми, уэ илъэсипщI хъуауэ узыхуэлажьэ сабий журналым узэрыхилъасэр уигу къеуэркъэ?

- ЦIыхур цIэрыIуагъэ щыхуей ныбжьми сикIащи, си гур ин зыщIыр лэжьыгъэ нэхъ щхьэпэу къэслъытэр къызэхъулIэмэщ. Сабийм яхуэдлэжьыр къамылъытэу, зыхамыщIэу, адэ-анэм я быныр зыхущыщIэр къаззэрыфIэмыIуэхум сигу хигъэщIурэ... мы иужь зэманым сабий унэхэм щыIэ зеиншэ цIыкIухэм дэ Iэ яхутеддзэ дызэрыхъурэ сигу нэхъ зэгъэжащ. Балигъхэм нэхърэ сабийхэр нэхъ хущощIэ нобэ адыгэ литературэ. Гугъу сызыдехьа тхыгъэр лажьэу, псэууэ, сабийм яIурылъу, ягъэлъагъуэу, адыгэхэр щыпсэу щIыпIэхэм ялъэсауэ щыслъагъужкIэ, абы къару къысхелъхьэ!

- «Нур» журналым и Iуэхур нэхъыфI хъун папщIэ сыт пщIауэ узыщыгуфIыкIыжыр?

- Мазэ къэскIэ сабийм яIэрыхьэн хуей журналым и къыдэкIыгъуэ къэс щIэщыгъуагъ хэплъхьэну, адыгэбзэкIэ зытетхыхьаIауэ щымыIэ къудамэхэу математикэм, хьэршым, шахматым е инженер IэщIагъэм ехьэлIа къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэр, плакатхэр дэIэпыкъуэгъуншэу къыдэбгъэкIыну гугъущэщ, литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ я гугъу умыщIми. Ауэ я нэхъ гугъуу къыпщыхъуми зупщытыф къудеймэ, къохъулIэ. ЛъакъуиплI шэнтым щIэтмэ, мэув. Дэри редакцэр цIыхуиплIщ дызэрыхъури, гу хьэлэлкIэ дызэрылажьэм щытхъу иIэщ: сабийхэм ди къыдэкIыгъуэхэр къахуэмыгъэсу щогуфIыкI, адыгэ блогерхэм фIыщIэ къытхуащI, бзэм хуезыгъаджэхэр къыдохъуэхъу, нэхъапэкIэ традза тхыгъэкIэ къыдэкIыгъуэхэр дымыгъэнщIыжу щIэщыгъуэ защIэу, зэмыщхьу журналхэр зэрыдгъэпсыр къыткIэлъыплъхэм ягъэщIагъуэ.

- «Нурыр» уи дежкIэ сыт?

- Си бынищым я еплIанэ си гъэфIэнщ, абы анэ гулъыти къару нэхъыби зэрытезгъэкIуадэм нэхъыжьищыр есэжарэ гукъани ямыщIыжу, щхьэгъусэми сыкъыгурыIуэу. Ауэ сызыхэт тхакIуэ, журналистхэм нэфIней ядызолъагъу: балигъым хуэлажьэм пщIэ нэхъ иIэу, ахэр нэхъапэу, пэрыту къалъытэ, абы я лъабжьэм щIэджэрэзыхь сабийхэри цIуугъэнэ гуэркIэ тезыгъэун, яхуэтхэн зэрыщыIэн хуейр мыхьэнэ зимыIэ Iуэху жьгъейуэ къыпщагъэхъуу. НапщIэхэш тхакIуэм, IупщIэ зыщI журналистым Iэзагъыышхуэ бгъэдэлъми, моуэ и щхьэ тримылъхьэ хуэдэщ сабийм захуигъэщхъыну. Ауэ щыхъукIи, лъэпкъым ди напщIэ телъхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Нало Заур, IутIыж Борис, Къэжэр Петр, Бещтокъуэ Хьэбас сымэ сабий тхакIуэ-усакIуэу щымытми, лъэпкъым и къэкIуэнум хуаIэ гууз-лыузыр къатекIуэрти, щIэблэм яхуэмылэжьэн яхузэфIэкIакъым. Залинэ, хэIэтыкIауэ сыпсалъэу къыпщыхъуми, нобэ ди лъэпкъыр зыхуэныкъуэ Iуэхухэм я пщалъэкIэ убгъэдыхьэмэ, анэдэлъхубзэм махуэ къэскIэ пэIэщIэ хъу ди быным адыгэбзэкIэ хузэхалъхьэу къыхудагъэкIхэм «Нурым» нэхъ лъапIи нэхъ щхьэпи зыри щыIэу къысщыхъуркъым. Ар зэрырагъаджэ учебникми, литературэ тхылъхэми, балигъхэм къахудэкIыу хъуами япэ щIизгъэщри мы тхыгъэм къеджэнухэм къезгъэщIэну сыхуейщ. «Нур» адыгэ журнал цIыкIу закъуэм и пщэ къалэнышхуэ къыдэхуащ нобэ, адыгэ сабийр адыгэбзэм пэIэщIэ зэрыхъум, ар зыхуей тхылъхэр къызэрыдэмыкIыжым къыхэкIкIэ. Абы, щхъуэкIэплъыкIэ дахэу, япэщIыкIэ сабийр плъыфэкIэ, сурэтхэмкIэ, нарт лIыхъужьхэр зыхэт теплъэрыIуатэхэмкIэ къыдехьэхри зрегъэплъ. АдэкIэ абы итым еджэну хуей хъуа сабийм адыгэ-бзэр иригъэщIэну яужь йохьэ, зэм хьэрфылъэ плакату къызэкIуэцIыкIыу, зэм макъгъэджэгу тхылъ цIыкIуу журналым и кум къыдэкIыу. Сабийр къеджэф зэрыхъуу адыгэ дунейм хешэри хабзэр ирегъащIэ, лIыхъужьхэр кърегъэцIыху, лъэпкъ IэщIагъэфIхэм хуегъасэ, литературэм дрегъэхьэх. «Нур» цIыкIум игъэгушхуэурэ сабийм бгъэделъхьэ балигъ хъуми иIэну, езым къытехъукIыжхэми яритыфыну мылъкур.

- Адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнум хэлъхьэныгъэу хуэпщIыр мащIэкъым. Уи Iэр зыхунэмысауэ уигу илъхэр умыбзыщI.

- Журналыр зытеухуауэ щытынур зыубзыхур сэращи, си Iэ хунэмысауэ, ауэ сыхъуапсэу куэд си щхьэм илъщ. Ди сурэтыщI Вэрокъуэ Иннэ гупсысэщIэ куэд журналым хелъхьэ, редактор Темыркъан Iэминэ езыри матхэ, ди интернет напэхэри фIыуэ зэрегъакIуэ, корректор КъуэщIысокъуэ Заринэ дэ къытхуэтхэхэми ядолажьэ, журналым цIыхухэр дригъэхьэхыу радиокIэ абы ит тхыгъэхэм къоджэ. МурадыфI куэд дигу илъщ, ауэ сэ жысIэну сызыхуейр псом я щхьэжу сызыгъэпIейтей Iуэхущ, иджыблагъэ Мэзкуу сыщIэкIуами и щхьэусыгъуэрщ. «Нур» журналым сэ сыкъызэрыкIуэрэ дэ литературэм и закъуэкъым дызэлэжьар, атIэ адыгэ дунейр сабийм и анэдэлъхубзэкIэ къыхузэIутхыну яужь дихьэри лэжьыгъэшхуэ етщIэкIащ. ГъущIыпкъ зызыужьам и зэманым къыхэхъукI щIэблэм и дунейм ди анэдэлъхубзэр зэрыпэхъунур къедгъащIэу, математикэм, инженер Iуэхухэм, медицинэм, биологием, ботаникэм, гъуазджэм ехьэлIа IыхьэхэмкIэ зэхэдзауэ, екIуу гъэщIэрэщIэжауэ дэ дгъэхьэзыращ зэи ди быным ямыIауэ адыгэ сабий щIэнгъуазэ, томитI хъууэ, адыгэ сабий щэнгъасэ, зы тхылъышхуэу. Мис ахэр къыдэгъэкIынымкIэ зыкъытщIэзыгъэкъуэн диIэу а псор дунейм къытедгъэхьэфамэ, адыгэ республикищми щхьэпэ тхуэхъунт, тхылъ хъумапIэхэмрэ еджапIэ-гъэсапIэхэмрэ яхуэдгуэшынт. Зыми тщIэркъым пщэдей нэху дыкъызыхуекIынумрэ ди щхьэ кърикIуэнумрэ. Мис ар сигу къоуэ си Iэ зыхунэмысахэм ящыщу.

- Беллэ, насыпыр сыт зыхэплъагъуэр? УнасыпыфIэ?

- Си сабиигъуэм сыхуеплъэкIыжмэ, Iэгуилъ телефонхэр щыщымыIа а зэманым дэ зетхьэу щытар ди гурылъхэр зэрыттхэурэ зэIэпытх анкетэ гъэщIэрэщIахэрт. Абыхэм ярытт хэт сытым щIэхъуэпсми. Зым еджапIэр дыщэ медалкIэ, университетыр диплом плъыжькIэ къиухыу профессор е къулыкъущIэ хъуну и хъуэпсапIэт, адрейм егъэлеяуэ мылъкушхуэ зэригъэпэщу дунейр къызэхикIухьу псэуну и нэ къыхуикIырт, ещанэм и пщIыхь хэлът дохутыр цIэрыIуэ е егъэджакIуэфI хъуну. А хъыджэбз цIыкIухэм къащхьэщыкIыу, сэ насыпыр зыхэслъагъуэр Iэмалыншэ дыдэу сызыхуейрат: университет щIэныгъэрэ унагъуэфIрэ. IэщIагъэу къыхэсхынуми сегупсысыртэкъым адрей си ныбжьэгъу куэдым хуэдэу, хэIэтыкIа мурадышхуи си гум щызгъэбыдатэкъым. Арагъэнщ нобэ сынасыпыфIэу зыслъытэжу, сиIэмкIэ сыарэзыуэ сыщIэпсэур. ГъащIэ гъусэу къыхэсхынур сэ сыкъэзыгъэдэIуэфын, пщIэ хуэсщIу сызыхудэплъеин цIыхуфIт, апхуэдэ си лъэгуажьэгъухэр хъуфыну къысщыхъуртэкъыми, сызыхэплъэр нэхъыжь, нэхъ губзыгъэхэрт. Ар къыкъуэкIащ. Си нэ къызыхуикIа зы къуэмрэ пхъуитIымрэ сызэрыхуеям хуэдэ дыдэу згъуэтащ, дэлъху нэхъыжьитIым сранэхъыщIэу, сыгъэфIауэ, ауэ шыпхъуншэу сыкъызэрыхъуар си гукъеуэти. Тхьэм и нэфI къысщыхуауэ къызолъытэ сызыхущIегъуэжын гуэри сымыщIауэ, си зэран зы цIыхум езмыгъэкIауэ нобэм сыкъызэрысамкIэ. ЩIэрыщIэу си гъуэгуанэр къэскIуну къысхуихуами схъуэжынуIатэкъым. АбыкIэ фIыщIэ яхузощI Аброкъуэхэ ди нэхъыжьыфIу сызыгъэгушхуэхэм, нобэ схуэпсэу си анэ Светэ, ди адэм и фэеплъу сиIэ си адэшыпхъу закъуэ ПщыхьэщIэ ФатIимэт, си дэлъхухэу Анзоррэ Аслъэнрэ, си бынунагъуэм.

- Уи бынхэм сыт я IуэхущIафэ?

- Ахэр балигъ хъуащ. Нэхъыжьыр ФатIимэщ. Ар программистщ, ML-инженерхэр егъэлажьэ, я Iуэхур еубзыху. Алий мехматым (МГУ-м) и аспирантурэм щоджэ, Т-Банкым и аналитикщ. Мадинэ Плехановым и цIэр зезыхьэ университетым и 1-нэ курсыр къиухащ. Ари IT щIэныгъэрщ зыхуеджэр. Щыми я IэщIагъэ, лэжьапIэ IэнатIэхэр езыхэм яфIэфIу къыхахащ, зэи дапэрыуакъым, псэгъу яхуэхъунухэмкIи дащыгуфIыкIыну ди нэ къыхуокI. Тхьэм и фIыщIэкIэ, зыдэплъеин нэхъыжьыфIхэр лъэпкъитIымкIи щыдиIэщ.

- Уигу хуэзагъэрэ нобэрей зэманым? Уигу хэзыгъэщIу цIыхум ядэплъагъу щыIэ?

- Нобэ зэманыр пIащIэрыщIэу ежэкI пфIощI, гурыIуэгъуей-фэзэхъуэкIыу. ЩIылъэм щызекIуэу слъагъум сыщагъэгужьей къэхъумэ уафэм сыдоплъейри тхьэ солъэIу. Сэ фIы дыдэу иджыщ зыхэсщIэ щыхъуар ди нанэхэм къаIущэщу щыта тхьэлъэIухэр, хъулъхугъэм ахэр тегужьеикIыу щIыщытар, я анэпсэр унагъуэ жьэгуми, лъэпкъми, хэкуми теубгъуауэ, Iущащэ зэпыту я гъащIэр щIахьар.

ЦIыхум гуемыIуу ядэслъагъуу сызэмысэри? Си нэгум уардэу, дахэу щIэтам сеплъурэ, ар нэхъ цIыкIу, нэхъ жьгъей, Iэмащiэ-лъэмащIэ, уэдыкъуауэ къыщыщIэщыж щыIэщ. Напэншагъэм фейдэ къыхэзыхыфа щыIэкъым. Абы езым фIэкIуэдари къыщIэхъуэ и быным къатрихри куэдкIэ нэхъыбэщ, хъеру къыхэхъуауэ къилъытэм нэхърэ. Апхуэдэр куэд зэрыхъум си гур къеуIэ.

Сэ сыщогугъ дэ къытщIэхъуэ щIэблэр дэр нэхърэ нэхъыфIыну. Махуэщiэ къэс сыщогуфIыкI. ГугъапIэ сиIэщ нобэ лъэпощхьэпоуэ дызыхэтхэм я пIалъэр икIыну, ди быным я дунейр нэхъ уэфI хъужыну!

- Беллэ, кIэух псалъэу ди газетым еджэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?

- Мы жанрым узэреджэнур сщIэркъым, ауэ си гум къиишхыдыкIыу ди гъащIэм къыхэсхащи... хэт псалъэжьу къыщыхъунщ, хэт чэнджэщу зыхищIэнщ, хэти усэу къищтэнщ. Адыгэбзэм ирумыIуэтэфын щыIэкъым, ар нагъыщи щыхуэмыныкъуэ щыIэщ. Фэрэ дэрэ дызэщIыгъумэ - тхъумэфынщ!



Урысейм и ректорхэм я зэгухьэныгъэм и вице-президент, Адыгей къэрал университетым и ректор Мамий Даутрэ Хъуэкlуэн Алийрэ. *2025 гъэ*

Беллэ, ипхъухэу Хъуэкlуэнхэ ФатIимэрэ Мадинэрэ. *2025 гъэ*

Нэхум нэхъуу еплъ

Къиплъым уемыпсалъэ
Къилъым уемыдауэ
ДаIуэм зэхуегъэхъу
Далъэр мэунэхъу.

Гуапэм уегъэжьабзэ
Гуажэм уегъэжабзэ
Гухэм уегъэуз
ГуIэм уегъэгыз.

Iэщэм ухегъащIэ
IэщIым урегъащIэ
НэщIыр щIэм щозу
НэпцIыр нэм щоцIу.

Лалэр мэуфафэ
Iэлыр мэудафэ
Фадэм псэр ирef
Фаджэм нэр зыщIеф.

УIэр къыпхопыджэ
Узым уегъэтхьэджэ
Хэхъуэм уегъэпщIыпщI
ХэщIым укъелыпщI.

Iуэрым уегъэдаIуэ
Iуэщхъум уегъэжакъуэ
Къуаншэр Iушэ пфIохъу
ЛъаIуэр тхышэ пщохъу.

Нахуэр мэхуэрахуэ
Захуэр мэжьэнахуэ
Хахуэр щапхъэтехщ
Щхьэхыр напэтехщ.

Хъуэпсым кърегъахъуэ
Хъуэхъум къыпхегъахъуэ
Хъуэрым урегух
Хъуэным уредзых.

Шэрхъыр мэкIэрахъуэ
Гъэхэм зызэблахъур
Лъэр умыгъэлъэхъу
ЛъэIу умыгъэщIэхъу.

Епсэлъар
ИСТЭПАН Залинэщ.

Бжыгъэр зи лъабжьэ мылъку зегъэкIуэкIэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и «Точка кипения» утыкум щекIуэкIащ «Финансым ехьэлIа щIэныгъэ: зэфIэкIхэр, гугъуехьхэр, мардэщIэхэр» зыфIаща «стIол хъурейр». Зэхыхьэм кърихьэлIащ къэрал къулыкъущIапIэхэм, банк IэнатIэм, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм, хьэрычэтыщIэхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм я мурадыр зыт - ди щIыналъэм щыщыIэ гугъуехьхэм ехьэлIа финанс щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ стратегие зэхэлъхьэнырт.

IУЭХУР къызэзыгъэпэщар КъБКъУ-м правэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ и институтымрэ ИПЭиФ-м Финанс щIэныгъэмкIэ и щIыналъэ центрымрэщ, абыхэм къадэIэпыкъуащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, ФинансхэмкIэ министерствэхэр, Урысей Банкым КъБР-м щиIэ къудамэр, Сбербанк ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр, «Урысейм и щIэгъэкъуэн» республикэ къудамэр.

КъБКъУ-м экономикэмрэ стратегие зыужьыныгъэмкIэ и проректор Пщыгъуэш Аслъэн къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ икIи жиIащ КъБКъУ-м финанс щIэныгъэмкIэ и экосистемэр план хэхам тету зэриухуэр, егъэджэныгъэ Iуэхур республикэм и экономикэм къигъэувхэм пэджэу зэрыщытыр. Проректорым къыхигъэщащ университетыр властым и органхэмрэ финанс институтхэмрэ ядэлэжьэныр гъэбыдэнымкIэ стIол хъурейм мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи хэтхэм лэжьыгъэ купщIафIэ къадэхъуну ехъуэхъуащ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Къэзанш Аслъэн игъэбелджылащ иджырей лъэхъэнэм мылъкур зэбгъэзэхуэфын зэрыхуейр, къызэрагъэпэща стIол хъурейри теорием ухэгъуэзэнымкIэ, мылъкукIэ зэпIэзэрыту ущытыным ехьэлIапхъэ Iэзагъым студентхэр хуагъэсэнымкIэ Iэмал купщIафIэу зэрыщытыр.

Къызэхуэсахэм зыхуагъэзащ КъБКъУ-м и ИПЭиФ-м Экономикэмрэ учет-аналитикэ хъыбарегъащIэ системэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Шыд Андемыркъан, «Урысейм и щIэгъэкъуэн» Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Къылшыкъуэ Альберт, Урысейм и Банкым КъБР-м щиIэ IуэхущIапIэм и экономикэ къудамэм и унафэщI Шэшэн Вячеслав, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм Проектхэмрэ программэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Абазэ ФатIимэт сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм и къалэн нэхъыщхьэу щытар бжыгъэр зи лъабжьэ экономикэм къигъэув къалэнхэр зэпкърыхынырт. РАН-м «Информатикэмрэ управленэмрэ» и центрым Экономикэ системэхэр математикэ моделированэ щIынымкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэ Оленев Николай утыку къриxьащ экономикэр моделированэ щIынымкIэ эндоген производственнэ къалэнхэм ятеухуа докладыр.

Финанс щIэныгъэмкIэ щIыналъэ центрым и унафэщI Кушбокъуэ Ритэ финанс щIэныгъэ зыбгъэдэлъ зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщынымкIэ РЦФГ-м иIэ мыхьэнэм тепсэлъыхьащ.

ЩIэныгъэм мылъку зэрыхалъхьэнум и щапхъэу утыку кърахьащ КъБКъУ-м и Эндаумент-фондыр. Фондым и гъэзэщIакIуэ унафэщI Мэрзей Жаннэ зэпкърихащ мылъку хэлъхьэным и зэкIэлъыгъэкIуэкIэ купщIафIэм университетым и финанс щхьэхуитыныгъэр илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ къызэрызэригъэпэщыр.

ЩIалэгъуалэм я финанс щIэныгъэм зэрыхагъахъуэ щIыкIэм тепсэлъыхьащ Сбербанк ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм ДистрибуцэмкIэ и унэтIыныгъэм и унафэщI Гадиевэ Лейлэ, апхуэдэуи къыдэкIуэтей щIэблэм зэрадэлажьэ щIыкIэхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ.

Я къэхутэныгъэхэр утыку кърахьащ КъБКъУ-м и студентхэми. Япэ курсым щIэс Мыщхъуэжь Артур зэпкърихащ хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ курытымрэ бжыгъэр зи лъабжьэ сомыр къыщыгъэсэбэпыным къишэнкIэ хъуну ехъулIэныгъэхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ. ЕплIанэ курсым щеджэ Къуэшрокъуэ Эльнарэ ахъшэ-кредит политикэм цIыхухэм я финанс щытыкIэм зэрызригъэхъуэжыр сэтей къищIащ, ставкэ нэхъыщхьэмрэ инфляцэхэмрэ цIыхухэм я гъэтIылъыгъэхэм зэражьэхэуэр къигъэлъэгъуащ.

«СтIол хъурейм» и кIэухым чэнджэщхэр зэхалъхьащ. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр - финанс щIэныгъэр сыт и лъэныкъуэкIи егъэджэныгъэ программэхэм кууэ хэгъэхьэнырщ, жылагъуэми ягурыгъэIуэнырщ. ЗэIущIэм хэтахэм къызэралъытэмкIэ, егъэджэныгъэ IэнатIэр, хьэрычэтыщIэхэр, къулыкъущIэхэр зэкъуэувэмэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым бжыгъэр зи лъабжьэ мылъку зегъэкIуэкIэр щызэфIэувэнур, финанс зэпIэзэрытыныгъэ щыщыIэнур.

IЭРЫС Iэсият.

УФСБ-м къет

Илъэси 10-м нэс къапоплъэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ республикэм щыщ цIыхуипщIым зэрахьэ хабзэншагъэр.

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, шэч зыхуащIэр езыхэм зэрахьэ диныр нэгъэщI конфессием щыщхэм кърагъэщтэным пыщIат. Экстремист гупым хэтхэм республикэм и Бахъсэн районым щыпсэухэм психологие и лъэныкъуэкIэ къарукIи хагъэзыхьырт.

УФ-м и УК-м и 282.1 статьям и 1-нэ, 2-нэ Iыхьэхэм япкъ иту уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

НаркотикхэкIхэр кърашэрт

УФСБ-м и лэжьакIуэхэм хабзэншагъэкIэ наркотикхэкIхэр игъэкIыным пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ щIыналъэм щыпсэу цIыхуищым ялэжьхэр. Ахэр пыщIащ наркотикхэкIхэр республикэм къишэным.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, къэдгъэлъэгъуахэр къуаншэу къалъытащи, тезырыр ткIийуэ щрахьэкI колонием илъэси 7-рэ мази 6-м щыщIэдзауэ илъэси 8-рэ мази 6-м нэс щагъэкIуэнущ.

Ахъшэр езым къигъэсэбэпащ

Iуащхьэмахуэ районым щыIэ пощт къудамэхэм я зым и унафэщIым хабзэншагъэ зэрихьэу Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ.

АБЫ зи унафэщI IуэхущIапIэм и балансым илъ ахъшэр зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ зезыхьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

Псэм йохуэбылIэ щIэиныр

ЦIыхур и блэкIам пызыщIэж къуэпсыр махэщ. Псэр зыгъэпIейтей гукъэкIыжхэр псом нэхъ хуабэ зыщIри а махагъэрауэ къыщIэкIынущ. Апхуэдэ гукъэкIыжхэр уи псэр зыхэзыщIа цIыхум епхамэ, ахэр псом хуэмыдэжу лъапIэщ. ГукъэкIыжхэр гъуэгугъэлъагъуэ щыхъур абы щыгъуэщ – ахэр узэплъэкIыжурэ уи нэгу щIэкIыжу аракъым, атIэ пщIыгъущ, пщыщщ, махуэ къэс уапсыхь.

Журналист, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ БИТОКЪУ Маринэ Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ зэдатхауэ щыта букварым и хъыбарыр и лъабжьэу итха зы тхыгъэм драгъэгупсысащ гукъэкIыжым, фэеплъым, дыгъуасэмрэ нобэмрэ я зэхуаку дэлъ лъэмыжым... Маринэ и тхыгъэр къытыдодзэ, абы хэлъ псэ хуабагъэр зыхэфщIэмэ ди гуапэу.

НАЛШЫКДЭС Мэзло Элинэ ехъумэ Дым Джэфар 1917 гъэм хьэрып графикэм тету къыдигъэкIа букварыр. Адыгэм и щэнхабзэ щIэиным щыхьэт техъуэ тхылъ пIащIэр Бахъсэн къыщызэрагъэпэщауэ щыта еджапIэм къыщагъэсэбэпын папщIэ зэхагъэуващ Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ. Ар Элинэ къритауэ щытащ и анэшхуэ Берд Хъадижэ. Тхылъыр хъума зэрыхъуам и фIыгъэщ ар пхъурылъхум езыта бзылъхугъэм и гъащIэм теухуа хъыбархэр къызэрытщIари.

- И паспортым итт ар 1914 гъэм къалъхуауэ. Ауэ ар пэжу къыщIэкIынукъым, сыту жыпIэмэ, революцэм щыгъуэ хъыджэбз танэ цIыкIуу щытащ, къэхъуа-къэщIахэри ищIэжырт, - жеIэ Элинэ и анэшхуэм щытепсэлъыхькIэ. – Ар унагъуэм я бын нэхъыщIэт. И дэлъху нэхъыжьитIым - Мамышрэ Iэдэмрэ - щIэныгъэ яIэт хьэрыпыбзэмкIэ. Арати, я шыпхъу нэхъыщIэри еджэу ирагъэсат. Ирагъэсат Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ зэхагъэува тхылъым адыгэбзэ кърижыкIыуи, - жеIэ Элинэ.

Хъадижэ пасэу, илъэс 16-м иту, унагъуэ ихьат. 1941 гъэм Элинэ и анэр дунейм къытехьащ. Бзылъхугъэм и щхьэгъусэр зауэм уIэгъэ щыхъуати, абы хиха фэбжьым дохутырхэм щахуемыщIэIам, зауэлIыр унагъуэм къратыжащ, езыхэр кIэлъыплъыжыну. Хъадижэ и щхьэгъусэм и узыншагъэр иригъэфIэкIуэжащ, пыфыкIыу щIидза (гангренэ) и лъакъуэр хуигъэхъужащ, кърегъэлащ. Удз хущхъуэхэр зэхуихьэсырт Хъадижэ, ахэр зэхилъхьэрт, зэхигъавэрт. Зи лъэ теувэжа щхьэгъусэр зауэм дэкIыжыфынутэкъыми, колхозым и унафэщI ящIащ. Арати, зэман гуэр дэкIауэ, етIуанэ щхьэгъусэ къишэну мурад ищIащ. Хъадижэ ар игу темыхуэу и дэлъхухэм я деж къигъэзэжащ, сабийр и IэплIэм тесу. Зэман дэкIауэ, бзылъхугъэм лъыхъу къыхуэкIуащ Зеикъуэ къуажэм щыщ Хьэмырзэ Хьэсет (Дад). Ар лIыбэт, и бын балигъхэр унагъуэ хъужахэт. Бзылъхугъэм унагъуэ зыдиухуэжа Хьэсетщ Хъадижэ и пхъум адэу къилъытар. Хъыджэбз цIыкIур ебланэ классым щыщеджэм, адэр дунейм ехыжащ. Аргуэру Хъадижэ и пхъур щIыгъуу Бахъсэн, и дэлъхухэм я деж, къигъэзэжащ. ЗэкъуэшитIым я шыпхъум щIапIэ къыхупачри, лъапсэ хуращIыхьащ. ЗэдэлъхузэшыпхъухэмI я хадэхэр зэпылъти, шыгъуэгукIэ зэкIэлъыкIуэрт. А унэм лIэху щыпсэужащ Хъадижэ. Ар сэман унэ кIыхьт, пырхъуэшхуэ иIэт, щхьэгъубжэ щIагъым мэжджытжыгхэр кIэщIэтт. ПщIантIэр удзыпцIэ дахэт – Хъадижэ идакъым ар къърагъэжыкIыу. Бзылъхугъэм и пхъурылъху щIалэ цIыкIухэр абы и деж щIэх-щIэхыурэ кIуэжырт, анэшхуэм и лъапсэм махуэхэр щагъэкIуэну яфIэфIт. Псом хуэмыдэжу Хъадижэ и псэм дэщIат и пхъурылъху хъыджэбз цIыкIур. Элинэ гъэмахуэ псор щигъакIуэрт Бахъсэн. Анэшхуэм гъэмахуэ Iуэхухэр дищIэрт. ЩIыIэ хъуа нэужь, Хъадижэ езыр Налшык къакIуэрти, и пхъум деж щыIэт, имызакъуэн щхьэкIэ.

Элинэ анэшхуэм теухуа и гукъэкIыжхэм яхэтщ адыгэм я щэнхабзэ дахэм наIуэ дыдэу щыхьэт техъуэхэр, уеблэмэ тхыдэджхэр лъэмыIэсауэ. Апхуэдэ хъыбархэм ящыщщ мыри:

- Анэшхуэм и пщIантIэкум кхъужьеишхуэ итт. Гъатхэм, хадэр къэттIыну, хьэсэхэр зыхуей хуэдгъэзэну Бахъсэн дыкIуа нэужь, сыт щыгъуи къызжиIэрт: «НакIуэт, си пщащэ! Кхъужьейр дгъэщIэрэщIэнщ, жыг гуащэм зимыгъэгусэн щхьэкIэ»! Кхъужьей къудамэхэм лентI плъыжьхэр фIэдблэрт. Хадэр къызэрыухьуреихьа бжыхьхэми лентIхэр фIыдигъащIэрт, къаплъэм гу къылъатэн щхьэкIэ. «Ди тхьэу Тхьэшхуэ!», «Уащхъуэ мыващхъуэ кIанэ!», «Алыхь дыщэ!» - мыхэр ди анэшхуэм жиIэрейуэ щытат. Iущагъ къуэд къыджиIэрт, шыпсэхэм, хъыбархэм дыщIигъэдэIурт. ИгъащIэ лъандэрэ нэмэз ищIырти, сэри тхьэлъэIухэр сигъащIэрт. Зэчыр жиIэрт дахэу. Иужьрей илъэсхэм нэмэз тIысыгъуэхэр къытехьэлъэ хъуа пэтми, Iэмал къигупсысат. НатIэ зыIумыт шэнт иIэти, абы нэмэзлыкъыр триубгъуэрт, езыр шэнт цIыкIум тетIысхьэрти, тхьэ елъэIурт. Си анэшхуэм сыщIыгъун сфIэфIт, си щхьэр и куэщIым ислъхьэрти, и кIэпхыным щIакхъуэмэ Iэфl къыкIэрихым сепэмырт. И щIакхъуэ Iэфl цIыкIухэр нобэ къыздэсым Iэфlу ди Iум илъщ.

ИкъукIэ цIыху гуапэт, щабэт. Дэри дыхуигъасэрт гуапагъэм: лейуэ зы тхьэмпэ цIыкIу жыгым къыпыпч зэрымыхъунур жиIэрт. ИгъащIэм зэ къызэшхыдауэ щытащ: ди гъунэгъум я пщIантIэм дэлъ сагъызым сыхыхьэри зызутэжат, - жери игу къегъэкIыж Элинэ.

Сыту куэд къыкIэлъыкIуэрэт ди анэшхуэм: къечэнджэщыну, губампIэ къыхуаIуэтэну, я щэху къыжраIэну. Уеблэмэ, зи дэкIуэгъуэ пщащэхэр къакIуэрти, я щауэхэм я гугъу къыхуащIырт. УнагъуиплIкIэ нэхъ пэмыжыжьэ гъунэгъу щIалэр къыIухьэрти, къыдэуэршэрырт. Ауэ зэи пщIантIэм къыдыхьэртэкъым. Шууэ къыIухьэрт ар си анэшхуэм дей, - игу къегъэкIыж Элинэ.

Элинэ и дэлъху, сурэтыщI цIэрыIуэ Мэзло Эдуарди ехъумэ и анэшхуэм къыщIэна зы хьэпшып.

- Дахащэу зихуэпэну фIэфIт, и щыгъынхэр екIуу зэфIилъхьэрт. Сэ зызохьэ анэшхуэм и IэкIэ ищIауэ щыта уагъэ кIапэ. Хэт езгъэлъагъуми, апхуэдэ уагъэ зэрыхъэкIэ игъащIэм ямылъэгъуауэ жаIэ, - дыщегъэгъуазэ Эдуард.

Берд Хъадижэ 1983 гъэм дунейм ехыжащ. Зэгуэр ар зылъэIэсауэ, ихъумауэ, езым ищIауэ щыта хьэпшыпхэр иджы и пхъурылъхухэм я псэм йохуэбылIэ. Эдуард ихъумэ уагъэ щэкIыр, Хъадижэ нэмэз щищIкIэ зытесу щыта шэнт цIыкIур, уеблэмэ 1982 гъэм иужьу анэшхуэм кърихьэлIэжауэ щыта гъавэм щыщ нартыху зытIущыр – унагъуэм я дежкIэ щIэин лъапIэщ.

Фэеплъым и къарур сыту ин, сытуи телъыджэ. Ахэр гукъэкIыж къудей мыхъуу, цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэ зы дунейщ. АтIэ фэеплъ хьэпшыпыр нобэми щыщ мэхъуф – ар зыхъумэр зригъэплъэкIыж къудейкъым, атIэ зэпымыууэ нэгум щIэтщ. Апхуэдэщ XX лIэщIыгъуэм адыгэ щэнхабзэм жыджэру хэта адыгэлIхэм тхылъри. Хьэрып жыпхъэр зи лъабжьэ а тхылъ цIыкIур Элинэ адыгэбзэкIэ къопсалъэ и анэшхуэм и макъ щабэмкIэ.

Зыгъэхьэзырар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

«Идарейм» гухэхъуэгъуэ щыбогъуэт

Иужь илъэсхэм куэдкIэ хэхъуащ туризм IэнатIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхуащI гулъытэм. КIуэтэху нэхъыбэ мэхъу загъэпсэхуну, я нэгу зрагъэужьыну, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ ди щIыпIэм хьэщIэу къеблагъэм я бжыгъэр. Абыхэм я нэхъыбэм ди щIыналъэр телъыджэ зэращыхъур бэянщ. ИкIи ди къуршхэм, бгыхэм, мэзхэм, псыежэххэм хьэщыкъ ящIауэ, етIуанэу, ещанэу къытезыгъэззэж Iэджэ зэрахэтым дыщыгъуазэщ. Республикэм къакIуэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм къыхэкIыу, иужь зэманхэм зыгъэпсэхупIэ зыбжанэ щаухуащ ди щIыналъэм. Апхуэдэхэм язщ мэкъуауэгъуэм и 5-м Аушыджэр къуажапщэм лажьэу щаутIыпща «Идарейр». Ар къыщызэIуахым хэтащ ди Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, курортхэмрэ туризмэмкIэ министр Быф Аскэр, къуажэдэсхэр.

«Идарейр» зыхуэдэм, абы цIыхум щагъуэтыну Iуэхутхьэбзэхэм тедгъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ а IэнатIэм и унафэщI ТекIуий Iэхьед.

- Фи пщIантIэшхуэм дэт ухуэныгъэхэм я гугъу къытхуэщIыт, Iэхьед.

- Япэрауэ, мес, зэрыплъагъущи, къыдыхьэпIэм пэгъунэгъуу автомашинэ егъэзыпIэ хуитышхуэ зэдгъэпэщащ. Абы зэуэ щыбгъэув хъунущ машинэ псынщIэу 100-м щIигъу. ГектариплIрэ ныкъуэрэ къызэщIеубыдэ «Идарейм». Мыбы укъыдыхьа нэужь гуэл цIыкIу щытщ, абы мыгувэу хэдгъэтIысхьэнущ бдзэжьей дахэхэм хуэдэ. Гуэлым ихъуреягъым тIысыпIэхэр иIэщ. ПщIантIэм дэтщ пхъэм къыхэщIыкIауэ, къэнжал тебзэжауэ хьэщIэщ унэу 29-рэ. Укъыдыхьа нэужь, куэд умыкIуу ди IуэхущIапIэм и администрацэ унэм ухуозэ. Абы щIэсхэм сыт и лъэныкъуэкIи жэуап къуатынущ: зы жэщ-махуэм и уасэм, уи шхыныгъуэм, мыбы щыбгъуэтыну нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэм ятеухуауэ. А унэм хэтщ цIыхуи 160-рэ зыщIэхуэ шхапIэ. Ди хьэщIэхэм пщэдджыжьышхэ абы щедгъэщIынущ, уасэ къеIытхынум ар хохьэ. Шэджагъуашхэмрэ пщыхьэщхьэшхэмрэ пщIэ щIатынущ. ШхапIэм пэгъунэгъуу гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэ, щхьэ телъу, жыыщIэхуу щытщ. Абдеж ущетIысэхыу ущыуэршэрыну, зыщуплъыхьыну уасэ иIэкъым. Дунейр щыуэфIым абы ущIэсу болъагъу ди къуршхэр, ди Аушыджэр бгыхэр. Уеблэмэ, уи ерыскъыр абы къебгъэхьу ущышхэнумэ, апхуэдэ Iуэхутхьэбзи къыпхуащIэнущ.

- Соплъри, фи IуэхущIапIэр къуажэ цIыкIум зыкъомкIэ ещхьщ: унэ къэс пхъэм къыхэщIыкIа бжыхькIэ къэухъуреихьащ, пщIантIэ щхьэхуэ псоми яIэу. Фи хьэщIэщхэр, къызэрызгурыIуэмкIэ, нэхъыбэу зытещIыхьар унагъуэхэрщ.

- Аращ. Унагъуэ къэсыхункIэ хуиту, зэран къахуэмыхъуIауэ, Iэуи-лъауи щымыIэу зыщагъэпсэхуфынущ. Ауэ абы къикIыркъым я закъуэу, я ныбжьэгъу-жэрэгъу ящIыгъуу къакIуэ мыхъуну. Я инагъкIэ тIэкIу зэщхьэщокI унэхэр - нэхъыбэ зыщIэхуи, цIыху нэхъ мащIэм яхуэтщIаи хэтщ. Унэ нэхъ иныIуэхэм цIыхуих, адрейхэм - цIыхуиплI. ПэIущIэ пэшым диванышхуэ щIэтщ, абыи махуэм зыщыбгъэпсэху, жэщым ущыжей хъунущ. Унэ къэс телевизор, щIыIалъэ, пэшыр зэрагъэщIыIэ е зэрагъэхуабэ кондиционер жыхуаIэм хуэдэ щIэтщ, зытхьэщIыпIэ-зыгъэпскIыпIэ хэтщ. Администрацэм пыщIауэ псоми щIэдгъэуващ телефон - зыгуэр ухуэныкъуэмэ, ухуей хъумэ, упсалъэу уи Iуэхур пхуэзэфIагъэкIын хуэдэу. ХьэщIэщхэр щIымахуэм къагъэплъынущ. Унэм укъыщIэмыбэкъукI ипэ тIысыпIэ-зыплъыхьыпIэ щхьэхуэу иIэщ. Абдеж ущетIысэхыу зуплъыхь, зыбгъэпсэху хъунущ. Унагъуэ пщIантIэ къэс IэрыщIу къагъэкIа удз итщ, шашлык гъэжьапIэ псоми яIэщ. КIэщIу жыпIэмэ, мыбы къэкIуэну цIыхухэм гуныкъуэгъуэншэу зэрызедгъэгъэпсэхуным, сыт и лъэныкъуэкIи арэзы зэрытщIыным дыхэтынущ.

- ПщIантIэм дэт машинэ бгъуэзэ цIыкIу къомыр сыткIэ къызэрывгъэсэпэпынур?

- Ахэр электрокъарукIэ лажьэ машинэхэщ. НтIэ, ди пщIантIэр инщ, нетIи зэрыжысIащи, гектариплIрэ ныкъуэрэ мэхъу. ХьэщIэ къытхуеблагъэхэр абыхэм идгъэтIысхьэурэ къыхах унэм тшэнущ, я хьэпшып къомыр хьэлъэу абы нэс ямыхьын папщIэ.

- Iэхьед, фи деж къеблэгъэну унагъуэхэм я сабийхэр ящIыгъуу къакIуэми мыбы щызэшыну къыщIэкIынкъым.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым иту сщIэркъым сэ апхуэдэ, мес, сабийхэм папщIэ къежэхыпIэ Iуащхьэу щы тщIащ: хьэфэ шэрхъым тесу ежэхынурэ батут жыхуаIэм щабэу хэхуэнущ. Абы хуабжьу дихьэхынущ ныбжьыщIэ цIыкIухэр. КъимыдэкIэ, пщIантIэ кIуэцIым дэтщ зыгъэпскIыпIэ. Ар куукъым - метррэ сантиметр 35-рэщ зэрыхъур. Сабийми балигъми абы зыщагъэпскI хъунущ. Уеблэмэ бжьыхьэ-щIымахуэ зэманхэм абы ит псыр къэдгъэхуэбэнущ.

- ЛэжьакIуэкIэ дауэ фыкъызэгъэпэща? Мыпхуэдиз зи инагъ турист IуэхущIапIэр зыхуей хуэбгъэзэн папщIэ цIыху мащIэ ухуей...

- Ди деж щолажьэ цIыху 60-м нэс. И нэхъыбэр ди къуажэм щыщщ. Адрейхэр Налшык къыдош-дошэж. «Сыкъэнэнущ» жызыIэхэм щхьэкIи унэ щхьэхуэ щыIэщ.

- Iэхьед, фи пщIантIэм пэмыжыжьэу мэжджыт щытщ. Абы адкIэIуэкIэ ди къэралым и дэнэ щIыпIи къикIыу цIыху куэд къыздэкIуэ псы хущхъуэхэр къыщыIэщ. Фи деж зыгъэпсэхуакIуэ къекIуэлIэнухэр абыхэм кIуэну хуеймэ пэвубыдыну къыщIэкIынкъым.

- Абыи дегупсысащ. Пэдубыдын дэнэ къэна, сэбэп дахуэхъунущ. Ди пщIантIэм бжэ цIыкIу щхьэхуэу хэлъынущ. АбыкIэ дэкIыурэ дин зыIыгъхэм мэжджытым кIуэну Iэмал ягъуэтынущ, псы хущхъуэхэм ухуэзышэ лъагъуи тщIащ.

- Фи IуэхущIапIэр къызэрызэIуфхрэ махуэ бжыгъэщ дэкIар. ДяпэкIи нэхъри зевгъэужьыну, фызыхунэмысу къэна тIэкIухэри и кIэм нэвгъэсыжыну фызэримурадыр ди фIэщ мэхъу.

- Абы шэч хэлъкъым. Дызыхущ IэкIъу псом я щхьэфэ сиIэбэнкъым, ахэр зэфIэкIрэ фыкъеблагъэмэ, фи нэкIэ флъагъунщ, ауэ мы зэман гъунэгъухэм ди мурадщ щIыбым киногъэлъэгъуапIэ ин щыдгъэувыну, апхуэдэу сабийхэм папщIэ зоопарк цIыкIу пщIантIэм дэдгъэувэну. Абы идгъэтIысхьэнущ убгъэдыхьэу IэкIэ бгъашхэ хъу псэущхьэ къаугъэншэхэр: щыхь цIыкIу, бжэн, тхьэкIумэкIыхь хуэдэхэр.

- Тхьэм къывигъэхъулIэ. Ди къэралми, хамэ щIыналъэхэми цIыху зыгъэпсэхуакIуэр уэру, Iуву здекIуэлIэн щIыпIэ фи IуэхущIапIэр хъуну дыфхуохъуапсэ.

- Алыхьыр арэзы къыпхухъу.

«ИдарейкIэ» еджэу Аушыджэр къуажапщэм къыщызэIуаха, щхъуантIагъэр зэбэкI, мывэ абрагъуэ кърашэлIахэм ягъэдахэ, зи пщIантIэм хьэщIэщ унэхэр куэду дэт зыгъэпсэхупIэ-нэгузегъэужьыпIэр зэрытелъыджэр уи нэкIэ умылъэгъуауэ уи фIэщ мыхъуным хуэдизщ. Шэч хэмылъу, щытхъу ин къалэжь зэгуэрым куэншыбыжь идзыпIэу щыта щIыпIэм апхуэдэ ухуэныгъэ щезыгъэкIуэкIыну жэрдэм зыщIахэм. ФIыуэ сыщыгъуазэщ - «Идарейр» езыгъэщIахэм я мурадыр а IуэхущIапIэм и фIыгъэкIэ ахъшэшхуэ зэдгъэпэщынщ, къулей дрихъунщ жаIэу аракъым, атIэ, я унагъуэхэр зэрапIыжын, ярикъун мылъку къыщIахыным къыдэкIуэу, псом япэу жылэм, республикэм, къэралым я сэбэп ирагъэкIын хьисэпкIэщ. «Дэ дызыхуей дыхуэзэмэ, адрейхэм я щхьэ зэрыхьщ» жызыIэхэм хуэдэкъым ахэр. Я мылъкум щыщ къыхахрэ цIыхум, къуажэм, щыпсэу хэкум зыщIагъакъуэу къогъуэгурыкIуэхэр. Фегупсысыт: IуэхущIапIэр езыгъэщIахэм цIыху 60-м IэнатIэ иратащ. Абыхэм я нэхъыбэм унагъуэ яIэщ. А щIыкIэм тету IэнатIэншэхэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ щыIэ къэрал унафэр гъэзэщIэным холIыфIыхь. Афэрым!

САУТ СулътIан.



ЗэхьэзэхуитIым зэуэ зыкъыщагъэлъагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм щрагъэблэгъэщ Арменэм и къалащхьэ Ереван грэпплингымрэ панкратионымкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжанык Iа ди спортсменхэмрэ тренерхэмрэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и командэ къыхэхам хэту абы щыIащ республикэм и лIыкIуэу цIыхуибгъу икIи медалибгъу абы къыщахьащ, 2-р дыщэу, 2-р дыжьыну, 5-р домбеякъыу. А псом нэмыщI, панкратионымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэми зы дыжьын медаль къыхахащ.

Арменэм щекIуэкIа чемпионатхэм къарикIуахэр щызэхалъхьэжа зэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур жиIащ, бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэмкIэ спортсмен лъэщхэр УФ-м и командэ къыхэхахэм хуэзыгъэхьэзыр, къэралым бжьыпэр щызыIыгъ щIыпIэ нэхъыщхьэхэм ди республикэм и центрри зэрахэтыр. Апхуэдэуи къыхигъэщащ дунейпсо, урысейпсо утыкушхуэхэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуэн хуэдэу, министерствэм сыт и лъэныкъуэкIи спортсменхэм зэрызащIигъэкъуэр.

КъБР-м грэпплингымкIэ и федерацэм и тхьэмадэ, УФ-м и командэ къыхэхам и тренер Шыхъуэстэн Руслан тепсэлъыхьащ зэIущIэр Ереван зэрыщекIуэкIа щIыкIэм. Псалъэм къыдэкIуэу, ахэр Iыхьищу гуэшауэ щытащ. Япэм зыкъыщагъэлъэгъуащ ветеранхэм, етIуанэм - щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ (илъэс 14-20 хъу бэнакIуэхэр), ещанэм балигъхэм я чемпионатыр зэхашащ. Шыхъуэстэным къыхигъэщащ медаль нэхъыбэкIэ ахэр зэрыгугъар, ауэ а къахьахэмкIи зэрыарэзыхэр.

«Зэхьэзэхуэхэм я утыку къидгъэхьа ди спортсмену хъуар лъагапIэхэм дэкIуеящ, ауэ финалхэм нэхъыфIу зыкъыщагъэлъэгъуэнуи Iэмал яIащ. Мэкъуауэ Ахъмэт дыщэ медалым нэсыным зытIэкIущ хуримыкъуар. Джэрыджэ Темырлани зэхьэзэхуэм ерыщу зыкъыщигъэлъэгъуащ, ауэ кIэух зэIущIэхэм къыщыхагъащIэри, домбеякъ медалым деж къыщыувыIащ.

Балигъхэм я чемпионатым и гугъу тщIымэ, мыбдежым, дызэрыщыгугъауэ, Урыс Мухьэмэд дыщэ медаль къыщихьащ икIи Европэм и чемпион хъуащ», - жиIащ Шыхъуэстэн Руслан.

ЗэIущIэм хэтахэм ягу къагъэкIыжащ илъэс 18 зи ныбжь Мэкъуауэ Ахъмэт грэпплингымкIи панкратионымкIи зэхуэдэу Ереван зэрыщыбэнар икIи дыжьын медалхэр тIумкIи къызэрихьар. ЯпэщIыкIэ ар щыбэнащ грэпплингымкIэ зэхьэзэхуэм икIи финалым нэсащ. ИужькIэ, панкратионымкIэ чемпионатым зыщригъэтхри, килограмм 84-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щызэуащ икIи етIуанэ щыхъуащ. А зэпеуэм хэтащ къэрал 15-м я спортсмену 300-м щIигъу.

«Спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ Европэм и финалитIым уикIыныр - ар икъукIэ лэжьыгъэ хьэлъэщ, къарум имызакъуэу, психологие и лъэныкъуэкIи. ИужькIэ, а зэIущIэхэр дэ зэпкърытхыжынущ, ди щыуагъэхэм дыхэплъэжынущ икIи къыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэм япэ увыпIэхэр къызэрыщытхьыным зыхуэдгъэхьэзырынущ».

Ветеранхэм я зэпеуэм республикэм и спортсмениплI хэтати, псоми медалхэр къахьащ. Джэрыджэ TIэхьир етIуанэ, Эседов Рэмэзан, Бозий Ислъам, Хьэмгъуокъу Мурат сымэ ещанэ хъуахэщ.

КъБР-м и командэм и тренер нэхъыжь Мэржэхъу Мурат зэрыжиIамкIэ, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хэта языныкъуэ ди спортсменхэр апхуэдэ утыкушхуэхэм япэу зэрихьар къыхэбгъэщмэ, абыхэм къагъэлъэгъуа я зэфIэкIхэм арэзы утехъуэ хъунущ.

Дыщэ медалхэр ди командэм къыхуахьащ Урыс Мухьэмэдрэ (балигъхэм я чемпионатым) Кумыщ Ибрэхьимрэ (илъэс 17 зи ныбжьхэм я деж).

ЩIалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Мэржэхъу Мурат, Тхьэкъуахъуэ Мурадин, Дыду Рэмэзан, Шыхъуэстэн Руслан, Мэш Алим, Бэдракъ Рашид сымэ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

«Ростов-2» (Дон Iус Ростов) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (1:0). Дон Iус Ростов. Понедельник В. и цIэр зезыхьэ «Олимп» стадион. Мэкъуауэгъуэм и 13-м. ЦIыху 282-рэ еплъащ.

Судьяр Клюев (Воронеж).

«Ростов-2»: Мокроусов, Чамсадинов, Колючкин, Жуков (Шерматов, 81), Шубин, Суанов (Рассадин, 63), Кокотун, Амосов (Вакулич, 63), Бондарь, Каспарян (Шанталий, 74), Грозовский (Мадрахимов, 46).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Гирзишев, КIэдыкIуей, Балъкъыз, Пириев, Селяев (Лысенкэ, 46), Пекъу, ХьэцIыкIу, Хьэшыр, Iэпщацэ (Сарбашев, 58), ЛIуп (Ибрагимов, 58).

Топхэр дагъэкIащ: Каспарян, 38 (1:0). Ибрагимовым, 59 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Амосовымрэ Чамсадиновымрэ.

ДжэгугъуиплI хъуауэ темыкIуэф «Спартак-Налшыкыр» Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм алъандэрэ хэпщIыкIыу къыщекIуэтэхат. Пашэхэм къахэкIри, курыт зэфIэкI зиIэхэм ар иджы яхэхуат. Абы щыгъуэми, щэбэт кIуам хьэрхуэрэгъу къахуэхъуа «Ростов-2»-м иужь лъэхъэнэм икъукIэ зричат икIи, зэкIэлъхьэужьу зэIущIиплIым къащыпэщIэтахэр хагъэщIауэ, бжьыпэр зыIыгъым кIэлъеIэрт. АрщхьэкIэ ущIэшынэнрэ узытегузэвыхьынрэ Iуэхум хэлътэкъым. НаIуэу ар ди нэгу щIагъэкIащ налшыкдэсхэм.

Пэжщ, джэгум и япэ Iыхьэр «Ростов-2»-м и тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ. Абы и футболистхэр хущIэкъурт я иужьрей ехъулIэныгъэхэм къыпащэну. 38-нэ дакъикъэм я гъуащхьауэ Каспарян Владимир бжыгъэр къызэIуихыу япэ щригъэщами, я насыпыр аргуэру къикIыну фэ тетт.

Джэгум и IыхьитIым я зэхуакум зэрызагъэпсэхуа зэман кIэщIыр ди щIалэхэм яхурикъуащ, къапэщIэтхэр уазыщышынхэм зэрахуэмыдэр зыхащIэну. «Спартак-Налшыкыр» къихьэжащ жыджэррэ и лъэр жану. Иджы зэIущIэм тепщэныгъэр щызыIыгъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэрат. Ахэр псынщIэт, IэкIуэлъакIуэт, арщхьэкIэ я хьэрхуэрэгъухэм топ худагъэкIыным сыт щыгъуи зы мащIэ дыдэ хуэчэмт. Ар иригъэкъуэжащ Ибрагимов Магомед. Абы и къихьэри и топ дэгъэкIынри зы ищIащ.

Джэгугъуэ зэманым щыщу иджыри сыхьэт ныкъуэм щигъу щыIэжт. Налшыкдэсхэр ерыщу хущIэкъуащ, абдежым къыщызэтемыувыIэу, текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэну. Мызэ-мытIэуи абы пэгъунэгъу хъуат, ауэ а пщыхьэщхьэм зы очкомкIи арэзы хъун хуей хъуащ.

Щэбэт кIуам екIуэкIа зэIущIэхэм къыщрагъэкIуэтар етIуанэ увыпIэр зыIыгъа «Ростов-2»-м и закъуэкъым. И стадионым щыджэгужу къыхагъэщIащ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъ Донецк и «Шахтёр»-р. Мейкъуапэ и «Дружба»-м и гъуащхьауэ Делэкъу Аскэр дигъэкIа топым и фIыгъэкIэ Адыгейм и футболистхэм текIуэныгъэр яхьащ икIи пашэхэм япэгъунэгъу хъуащ.

Дагъэгуфащ Черкесск я щIалэхэми. Песчанокопскэ къутырым щыIэу «Нартым» хэгъэрейхэр хигъэщIащ. Хьэлэмэтращи, блэкIа джэгугъуэ пщыкIутIым «Чайка-М»-м къихьыфар зы очко закъуэщ, ари къызыIэщIигъэкIауэ щытар «Спартак-Налшыкырщ».

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: **«Шахтёр»** (Донецк) – **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:1**, **«Заря»** (Луганск) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) – **1:0**, **«Рубин»** (Ялтэ) – **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) – **0:0**, **ПСК** (Первореченскэ) – **«Астрахань»** (Астрахань) – **1:4**, **«Чайка-М»** (Песчанокопскэ) – **«Нарт»** (Черкесск) - **1:2**, **«Севастополь»** (Севастополь) – **«Победа»** (Хасавюрт) - **2:1**, **«Кызылташ»** (Бахъчисарай) - **«Нефтяник»** (Избербаш) – **1:2**.

«Спартак-Налшыкым» къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Мэкъуауэгъуэм и 20-м ди щIалэхэм кърагъэблэгъэнущ Луганск и «Заря»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Шахтёр»**	**12**	**9**	**1**	**2**	**20-7**	**28**
2.	**«Севастополь»**	**12**	**8**	**3**	**1**	**20-7**	**27**
3.	**«Ростов-2»**	**12**	**8**	**1**	**3**	**26-13**	***25***
4.	«Дружба»	12	6	3	3	14-9	21
5.	«Кызылташ»	12	6	2	4	19-13	20
6.	«Рубин»	12	5	4	3	14-10	19
7.	«Нарт»	12	5	3	4	15-8	18
8.	«Победа»	12	5	2	5	22-13	17
9.	**«Спартак-Налшык»**	**12**	**4**	**5**	**3**	**15-8**	**17**
10.	ПСК	12	5	2	5	18-21	17
11.	«Астрахань»	12	4	3	5	14-15	15
12.	«Ангушт»	12	4	1	7	6-13	13
13.	«Заря»	12	3	3	6	13-19	12
14.	«Нефтяник»	12	4	0	8	11-32	12
15.	**«Динамо-2» Мх**	**12**	**2**	**2**	**8**	**7-20**	**8**
16.	**«Чайка-М»**	**12**	**0**	**1**	**11**	**5-31**	**1**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Элэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лэжьыгъэмрэ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 40-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.
КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5
Индексыр П 5894
Тиражыр 1.283
Заказыр №1230
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэтa Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ жэуап зыхьхэр нэсу жэуап ях. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпиту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, корректорхэу ПхытIыкI Марие (1, 3-нэ нап.), Елмэс ФатIимэ (2, 4-нэ нап.)
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтыгъ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.